# Магlарулай

6/2020

ISSN 0132-9723

Аварский

РАКIАЛДЕЩВЕЙ

## ЦЕБЕСЕБ КЬЕРДАГИ ЙИКIУН...

РАКЬЦОЯЛ

## ХIИКМАТАБ ЛЪУГЬА-БАХЪИН

ЮБИЛЕЯЛДЕ

## МУЗЕЯЛЪУЛ СИХIКЪОТIУДА ...

МУХIАМАД БИСАВГIАЛИЕВ

## БУДУС





Марат М. Зима в горах.



# Божилъигун ва хьулгун

Гьалеха рагIалде щолеб буго гьаб, бигьаябин абизе кинго ракI билълъунареб, 2020 сон. Гьелъул хIасил гьабулаго: «кинабха букIараб нилъер журналалъе гьаб сон? Щиб цIияб тIаде щвараб, щиб тIаса араб? БачIунеб соналъ щиб цIияб гьабун лъикI?», - илан суалал рачIунел руго.

Дагъистаналда гьаб пандемиялъул тIоцебесеб карачелалъул заманаялъ, киналго республикаялъулго гIадамал гIадин, нижги рукIана ракI унтун: къойидаса-къойиде цIикIкIунел унтарал, больницабазда гIоларел бакIал, холел гIадамал, гьечIел дараби ва хIухьел цIазе бигьа гьабулел аппаратал, жиндир заманаялда щолареб кумек ва щиб гьабизе кколебали лъаларого риххарал гIадамал...

Гьеб заманаялъ нижеца цо тIубараб журналалъул номер кьуна бахIарчиго вирусалда данде рагъилел рукIарал врачазе, медсестрабазе, санитаразе, хехаб кумекалъул машинабазда хIалтIулезе, хIажатаб бакIалде кумекалъул квер бегьаразе. БетIер къулула нижеца гьезул бахIарчилъиялъе, сахаватлъиялъе ва махщалие.

Рокъоргo рукIун рикIкIадасан хIалтIулеб режималдаги журнал цо алхинчIого жиндир заманаялда бачIана къватIибе. Гьебги жидедаго барахщичIого хIалтIулел нижер коллективалъул баракаталдалъун ва журнал цIалулезул кумекалдалъун. Нужер щибав нижее хирияв ва къиматав вуго. ГIемерисезулгун нижеца исана тIоцебе лъай-хъвай гьабуна. РикIкIентун гIемерал соназ, кидалдай цIияб журнал бачIинебан ралагьун чIун рукIурал, «МагIарулай» журналалъул гьудулзабиги руго.

Нижеца хIаракат бахъулеб буго щибаб цIияб журналалъул номер цебеселдасаги гIажаибаб, берцинаб гьабизе, цIиял цIарал рагьизе ва нилъер Дагъистаналъул тарихалъулгун, адабияталъулгун ва маданияталъулгун нужер лъай-хъвай гьабизе.

Исанасеб ахIвал-хIалалъ цIалдолезулгун кIудияб бухьен гьабун бажаричIониги, сайталъул ва жамгIиял гьундузул кумекалдалъун гьеб тIезеги биччачIо нижеца. Гьеб бихьулеб буго чIечIого борхулеб бугеб нижер тиражалдалъунги.

Хирияв гьудулзаби, 202I соналъ лъикI рихьизе хъван батаги! Биччанте ЦIияб сон букIине рохел гьарзаяблъун ва гьабулеб иш данде билълъунеблъун!

Ниж кидаго нужгун руго!

**Ажа ГIАБДУРАХIМАНОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:


### ХIИКМАТАБ ЛЪУГЬА-БАХЪИН



Дун интернаталда хIалтIулеб мехалъ, дова вукIана гьавураб къоялдаса нахъе интернаталда вугев, киназего вокьулев "полкалъул вас" Алеша Жирнов. Гьев хьихьизе вачине бокьарал чагIи ругин рагIарабго, дир хIукму ккана, лъиего виччачIого, Алеша нижеего вачине. ...... 5

### МУЗЕЯЛЪУЛ СИХIКЪОТIУДА ...



- 20I4 соналъ Москваялда нилъер заманаялъул Россиялъул тарихалъул пачалихъияб музеялда рагьун букIана «Россиялъул художниказул бераздалъун Дагъистан» абураб выставка. Дагъистаналъул яргъил выставкагун Тулаялдеги ахIун руго ниж. Лъаларо жеги кидал гьенире инелали ва яргъил устарзабазул шагьаралде нилъерго ярагъгун инги бахIарчилъилъун букIинарищ, - илан елъана СалихIат.. ..7

### АЗА - ГIАЛИБЕГ ТАХО-ГОДИЛ ЯС



«Дада жанив тIамун вуго, хIинкъуге» - ян рогьалилъ гьелъ гIинде шуридал, дица цIакъ гIажаиблъи гьабуна. Рокъор нижеда лъаларел гIадамал рукIана цо жо балагьулел. Щибго жоги батичIого, гьел нижер эбелги цадахъ ячун ана. Ниж лъабалго: дунги, дидаса 3 соналъ гьитIинав МахIачги, 6 сон барай Миночкаги хутIана. ........................................................ 14

### ГIАЙ ЛАЗАТ, МАГIАРУЛ МАЦIIГИ ХИНКIАЛГИ!



Доб мокъида ракъвазе бакьал ран ругеб рокъореги ун, 3 метраги I7 сантиметраги бакьалъул борцине ва къотIизе ккола. Рокъоб батараб бищун кIудияб хьагги цIетIа лъун, лъимги тIун, рехула белъине. Цо берцинаб мохмохил рачIчIги батани рокъоб, гьебги рехизе бегьула гьелдаго цадахъ . ................................ 35

# Цебесеб кьердаги йикIун…



Нилъер ПатIиматида бихьичIо жиндирго хIакъалъулъ макъалаги тIасияб жилдалда гьайбатаб суратги лъураб журнал. ПатIимат нилъедаса ятIалъана, амма гьелъ гьарулел рукIарал анищал гIумруялде рахъине рукIиналда ниж божула. РагIаги гьеб зобалаздаги…

Къисматалъ къотIараб хIукмуялда рекъон, чIужугIаданалъул гIадатияб къадаралдаги разилъун гьабунин абизе бегьула гьалъ гIумру. ГIемераб жоги бихьун ва хIехьон, гьелъ жиндиего гьабуна хIукму: лъие букIаниги кумек хIажалъидал гьезда аскIой йикIине. Гьелъулъ бугилан абулаан, нижер героиня ПатIимат Геличевалъ инсанасул гIумруялъул мурадги.

- МагIарул чIужугIадан… – абун ургъун кIалъана ПатIимат. – Гьединал рукIана нилъер умумул: ритIухъал ва чIухIарал, къохIехьарал ва багьадурал, бахIарчиял ва хIеренал – киналго гьел ккола дагъистаналъул руччабазе ирсалъе щварал хасиятал. Гьел кидаго рукIана гIакъилалги сабуралги, ритIухъалги, божаралги. Гьезухъа бажарулаан ботIродаса бахъун кIазги гьоркьобе рехун хонжрода рагъулел чIегIазизеги ва кидаго рукIунаан рокъоб гъасито цIунараллъунги. Хьаргаби районалъул Дарада – Мурада гьаюрай ва гIурай ПатIимат Геличевалъулги гIумру батIияб букIинчIо. Гьелдаги лъалаан хIажалъани цересел чагIазул жавабчилъи тIаде босизе ва жиндирго хъизан балагьаздаса цIунизе кIвезе кколеблъи.

Республикаялда ПатIимат лъалаан жамгIияй хIаракатчIужу ва гIурус учительзабазул хIакъалъулъ кIиго томалъул тIехь хъван басмаялда бахъарай гIадан хIисабалда. ЖамгIияб хIаракатчилъиги гьелъул абизе бигьаяб букIинчIо, гьеб ккола ПатIиматил гIумруялда аслияб ишлъунги ва рекIел мурадлъунги.

### АФГЪАН…

– Сундасан кинабго байбихьараб?

– Гьединаб жавабалъе ракIалде щвезабизе ккола тIубарабго гIумру. Дир гIумрудул анищлъун букIана медицина, гьираялда цIалана фельдшерлъун яхъиналъе, хадуб гIумру ракIалда гьечIеб рахъалдехун сверана (гьимулаго). Унсоколо практикаялъ йигеб заманаялда дун рекIее гIун йиго вукIинесев росасе. Гьес байбихьана цIодорго дие чан къазе ва ургъел – тIалабал гьаризе. Рокъое юссиндал гьес дихье битIун бачIана 8 Март баркараб открытка: «Дур ХIажи» абун тIадги хъван. Дун гIажаиблъун йикIана гьединаб баркиялда. Дида жеги лъалароан гIадамазул цоцаздехун цIалеб, магниталдасаги къуватаб асар букIунеблъи. ГьалмагъзабаЗ жидерго ракIбай, рокьи ккеялъул бицунелъул ракIалде ккола: кигIанго бецIай жодай дунго йигей, рокьул магIнаго лъаларей абун?! Гьеле гьедин байбихьана кинабго: ана росасе, хадуй ккана ракълилал гIадамазул ва талихI къураб къисматалъ доре рачарал россиялъул солдатазул биял тIолеб, цIадулаб Афгъанистаналде.

Дуца гьикъулеб буго дора рукIараб лъабго соналъ хIинкъи рекIелъе биччан букIанищилан? ХIинкъи букIана, гьебги квешаб… Амма гьеб бихьизабизе бегьулароан, щайгурелъул нижеда цадахъ рукIана, бокьараб лахIзаталъ гIажалалъул квачIикье жал ккезе рес бугел росалги. Гьанжеги хIинкъигун ракIалде щола рос вертолеталда рагъулал частазде араб мехалда, чанго къоялъ гьесухъ ялагьун хутIулей йикIараб куц. Амма гьеб Афгъаналдаги, захIматал шартIазда, дица хIал бихьана, офицеразул лъудби, гьединго дагъистаниялги данде гьарун, цо хъизан гIадинаб жо гIуцIизе. Дунго ккола кIудияб хъизаналда гIурай гIадан: нижер руго кIиго вацги лъабго яцги. Гьединго нижеда цадахъ рукIана кIияйго кIодоэбелги, жиндирго хъизан – лъимал гьечIей ункъачуги. Гьединлъидал ургъел гьабизе жо кидаго гIемер букIунаан: лъим баччи, квен гьаби, ахикь – хуриб хIалтIи тIубазаби. Гьеб киналъго толароан мугъ битIизеги. Дица эбел – инсуе баркала кьола гьадинай къохIехьарай дун гIезайиялъухъ – гIумруялъ дие гьеб гIемерха кумекалъе батараб!



Рагъдаги, кинаб ахIвал–хIалалдаги дир росасда тIад букIине кколаан иту бахъараб бацIцIадаб ретIелги, хIадуризе кколаан гьесие къойил хинаб квенги ва гьабизе кколаан ракI–макIалъулаб каламги.

Цебе чIезабе, I98I сон. Афгъанистаналда рагъул кор боркьараб заман. ЛъидагIаги лъалеб букIинчIо кидал гьеб лъугIилебали, ракIалде кколаан киданиги лъугIиларин. Дун дагьайниги хIинкъун яги ракIбухIун йикIинчIо гьение унилан, ургъел гIицIго, захIматаб хъулухъ бугев ХIажил букIунаан. Нижер гьитIинабго рукъалда сверун салул цIурал къандалъабазул къед гьабун букIана, къватIире рахъунелъул хIажалъулаан цIунулев чи. Амма дида бичIчIулеб букIана гьеб рагъулаб хъулухъ бугеблъи ва ругъунлъун ккана кидагосел кьвагьа–гIанхъияздеги, гIумруялъе бугеб хIинкъиялдеги…

РакIалда буго генерал ГIумар МуртазагIалиевасулгун ва гьесул лъади, гIажаибго къвакIарай гIадан, Сакинат МухIамадовнаялъулгун ккараб дандчIвай. Гьелъул таваккалаб божиялъги, мисалалъги, малъа–хъваязги кумек гьабуна доб захIматаб заманаялда ниж къвакIун чIеялъе. Дол рукIана Мазари – Шарифалда, ниж Шиберганалда. Гьел рикIкIунаан хIинкъи бугел бакIаллъун, бокьараб мехалда бахъине бегьулаан кьвагьи, ккезе бегьулаан балагь. Кьижулаан тIубанго ретIелги бахъичIого, щайгурелъул бокьараб минуталъ реххизе рес букIана бомба, базе рес букIана гIарада. Лъалищ, дида ракIалде кколароан кутакаб жо гьабулей йигилан: хIалтIулаан микьго сагIаталъ госпиталалда, хIаракат бахъулаан лъукъа–къотIарал, россиялъулал солдатазул хIал бигьалъизабизе, гьезие эбеллъун, яцлъун ятизе. Хъвалаан гьезул гIагаразухъе кагътал, рагIи кьолаан гIолохъаби чIаго ва сах гьарун рокъоре ритIизе.

Доба хIехьарабщиналъул хIакъалъулъ бицунаго ПатIиматица ракIалде щвезабуна жийго артиллериялъул кьвагьиялде гьоркьое ккейги, талихIалъ гьений хвалдаса йорчIиги ва росасухъ ялагьун сардал рогьинги…

Рокъое юссун хадуй гIемераб заманаялъ ракI парахалъуларого йикIана. Доб заманаялда Афгъанистаналдаса руссарал рагъухъабазе гьабулеб букIинчIо кинабгIаги реанимацияги. ГIицIго цо санаториялде ритIулаан, амма гьелъул черхалъе гурони ракIалъул хIалалъе кумек кколароан. Гьеб заманаялда тIоцебе лъана дида ракIалъул гIодобчIвай (депрессия) ва хадусала бичIчIана гьеб, бигьалъизабун гурони, тIубанго лъугIизабизе бажарулареблъиги. Афгъан дида гьанжеги макьилъ бихьула. РакIалда буго цо нухалда ХIажица абураб, дун рокъое айин «цоялгIаги цIунизе ккелин», амма дун гьесухъ ялагьана гIажаибго. Гьевги дова тун нахъе иналъул пикруго дица гьабулароан, гьанир рокъор кIиго яс нижехъ ралагьун ругониги. Доя ругьунлъана дун юкъаризеги, хьухьаризеги, гьеб букIана сундениги юссун йикIиналъе ургъел бигьалъиялъе гьабулеб хIалтIи…

Пикру гьабула: бокьарасухъа бажаризе букIанадай доба рагъулаб хъулухъ гьабизе? Ва ракIалде ккола: букIинчIо, гьелъие къваригIуна рекIел къвакIиги къохIехьейги бугел гIадамал.

## БАТIИЯБ ГIУМРУ

I984 соналде щвезегIан гьабуна Геличеваз Афгъанистаналда хъулухъ, доб мехалдаги гьенир хутIун рукIана Россиялъул аскарал…

- Росасда абулеб букIана энивго чIайилан, - абун ракIалде щвезабуна ПатIиматица, - амма тIокIалъги гьенир рукIине кIолеб хIал букIинчIо ва бичIчIулеб букIана ракълилаб гIумруялде руссине мех щун букIин… Заманаялдасан кинабго рукIалиде бачIана, яшав гIуцIана, ясал гIолел рукIана.

ПатIиматица лъугIизабуна ДГУялъул филологическияб факультет, амма гьелда бичIчIулеб букIана киназго гIадин гIумру гьабизе гьелъухъа гьанже бажарулареблъи…

- Дун гIемераб жоялъухъ ялагьулаан хъизаналъулаб гIумруялдаса дагьай гIатIидго, - ян бицана ПатIиматица. Бокьана дирго иш букIине…

ГIемераб заманаялъ хIалтIана ПатIимат ФСБялъул санчасталда, гьабулаан жиндиего ругьунаб иш. Амма гIумруялда хиса–басиял лъугьине кколаан.

- ЖамгIияб гIуцIиялде тIаделъизе къасд кидал бижараб ?

-БачIинахъего гуро, гIемерай ургъун. Гьелъие ургъараб цIарги букIана: «Руччабазулги лъималазулги ихтиярал цIуни» абураб. Дида лъалеб букIана улкаялда кколел ругел, щивав чиясда хъинтIулел хиса–басиязул заманаялда, щиб бугониги киназего пайдаяб иш гьабизе ккоцеблъи.

## ГІУРУС УЧИТЕЛЬЗАБИ

- Гьез нилъее лъай кьеялъулъ, гІелмияб рахъ цебетІезабиялъулъ, кадраби гІуцІиялъулаб ва цогидалги ишазулъ лъураб кІудияб бутІаги цебе чІчІун ракІалде ккана тІехь хъвазе – ян абуна ПатІиматица. Гьеб гьелъ тІаса-масаго гьабулеб жо гуро букІараб. Гьираялда тІаделъун хъвана І50 гІурус учителасул гІумруялъулги къисматалъулги хІакъалъулъ ва 20І5 соналъ къватІибе биччана тІоцебесеб тІехь.

- Дида ракІалде щвана дол учительзаби – мусудузулги гІумрудул 18 – 23 сон букІараблъи ва, Афгъанистаналда диего гІадин, гьезиеги батІияб бакІалда, согІал шартІазда хІалтІизе ва гІумру гьабизе бигьаго букІинчІеблъи, хадур дагь–дагьккун ругьунлъун кканиги…

- ТІехьалъе щвана лъикІаб къимат, - ян бицана ПатІиматица, - амма байбихьана гьенир жал рехсечІел дихъе ахІдезе. Гьедин бижана пикру проект халат бахъинабизе. Дица дуда абулеб буго,- хадуб гьеб ишалъул жавабчилъи цІикІкІуна. ХІажалъана республикаялъул 42 регионалъулгун, анцІабго шагьаралъулгун бухьен кквезе, текстал цІидасан хъвазе, баянал ракІаризе ва мухІкан гьаризе, биографиял лъазаризе… Ва кІиабилеб том, дуда бихьухъе, исана бачІана къватІибе, гьелда рехсон руго лъабазаргоялдаса цІикІкІун гІурус учитель. ТІехь гьабун буго лъикІаб кагътида ва мугІалимзабазе гьеб бокьана.

РакІалда буго, Москваялъул «Мосфильмагун» цадахъ лъугьун гІурус учительзабазул хІакъалъулъ кинофильм гьабизе, МахІачхъалаялъул, М. Горькил цІаралда бугеб театралъул сценаялда спектакль бихьизабизе. ГІурус учительзабазул хІакъалъулъ проекталъ жанибе бачун буго СКФО. Учительзабазул хІакъалъулъ тІехь - энциклопедиялъулаб хІалтІи бугилан абун буго белоруссиялъул парламенталъул депутат В. Борщевас.

- Цебе чІолищ, - ян абуна ПатІиматица, - кинаб гьираялда гьеб хІалтІи гьабурабали, гІадамазда лъазе кколеб чан цІияб цІар рагІарабали. Гьелъ абуна «гІурус» проект Дагъистаналда хадубги хІалтІизабизе ракІалда бугила, бицине бугила ГЭСал раразулги, нартихъабазулги, заводал фабрикал рагьаразулги хІакъалъулъ ва гьездалъун рихьизаризе ругила Дагъистаналъул тарихалда цІар ва гІумруялда лъалкІ таразул династиял.

ГІемераб хІалтІи гьабизе ракІалда букІана гьалмагъалда ва дун хІикмалъулаан гьелъул творчествоялъулаб гучги, ишалде букІунеб гьира – шавкъги, жан–жигаралъул кутакги бихьун. Сундего гьей тІаделъулаан гьираялда. Гьединал гІадамазул заман гІоларин, сахлъи гьечІин абураб гІарзги букІунаро, гьезда кинабго батула кидаго щиб букІаниги цІияб жо ургъизе ва гьабизе лъугьуна. ГІурус учительзабазул хІакъалъулъ тІехьалъе лъикІаб машгьурлъи щвана – гьеб рагІана Москваялдаги Россиялъул гІемерал регионазда ва бихьизабун буго пачалихъалулаб премиялъе.

## ДИР ХЪИЗАН

Ургъулей йикІана сунцадай ПатІиматие къуват гьеб бигьаяб гуреб ишалъе кьунаян. Ва бичІчІана: аскІор руго пикруцоял, жиндирго хъизан, рос, кІиго яс ва гьезулги лъимал, гьел киналго гІенеккула гьелъул щибаб рагІиялъухъ.

Рос ХІажи вукІана гьелъие сундулъго кумекалъе ватулев чи. Гьев ккола ФСБялъул хъулахъалъе гІемерал сонал кьурав, подполковник. Пенсиялде ун хадув хІалтІана Центробанкалда управлениялъул начальниклъун.

- Росасги дицаги бажарарабщинаб гьабуна лъималазе ва гьезул лъималазеги гьабула, - ян абуна ПатІиматица, - гІезаруна гьел гІадамазе пайдаяллъун. Жакъаги гьел дида цадахъ рукІуна киналго ишазулъ, кумек гьабула, кверхбакъула, лъалареб малъула.

Нижер кІудияй яс, Лариса ккола машгьурай юрист, гражданазулаб правоялъул специалист. Гьелъухъе рачІуна захІматаб хІалалде ккарал гІадамал, щайгурелъул гьелъул буго гьваридаб лъайги профессионалияб хІалбихьиги. Буго гьелъул лъикІаб хъизанги, лъабгоял жалго жидецаго тІуралел лъималги, гьез, цІалулъги хІалтІулъги лъикІал хІасилалги рихьизарун рази гьарула нижги. ГьитІинай Аидаца гІумру гьабулеб буго Москваялда, хІалтІулей йиго РФялъул Минэкономикаялда. Дагьалъ цебе гьелъие щвана Россиялъулаб ведомствоялъул нухмалъулев М. Орешкинил рахъалдасан баркалаялъул кагъат. Гьелъулги руго лъабгоял лъимал ва киназего щвана унго-унгояб магІарул тарбия, - абун махсаро гьабуна ПатІиматица, - гьеб гьечІого гІолищха?

ТІалаб бугей эбел ва кІодоэбел, гьелъ кидаго берзукьа риччалароан лъималазул лъималги ва анищалги гьарулаан гьел улкаялъе пайдаял ва мустахІикъал гражданаллъун гІезаризе.



**ГІайшат ТАЖУДИНОВА**

# ХІИКМАТАБ ЛЪУГЬА-БАХЪИН

Рос Зиядин Сеферовичас ва лъади Айхалум ГІабдулаевнаялъ ригьин гьабураб къоялдаса нахъе ана 35 сон. Москваялда гІагарлъухъе гьезул хъизан гочана ункъоабилел соназул ахиралда, тІоцебесеб лъимер гьабураб мехалъ. Зиядиница лъугІана Дагъистаналъул росдал магІишаталъул институт ва гьев витІана хІалтІизе Москваялъул мухъалде. Айхалумги ана росасда хадуй ва гьедин хутІана гьенирго. Рос-лъади кІиялго ккола Хив районалъул Кандык росулъа.

- Нижер буго анкьго лъимер, кІигоял нижерго, щугоял хьихьизе рачарал. Нижеца хьихьизе тІаде росана ункъго васги цо ясги. РакІ рагьун абулеб буго, нижер кидаго анищ букІана табасараназулго гІадаб кІудияб, ахІи-хІур гІемераб хъизан гІуцІизе. Аллагьас нижее кІигоял гурони кьечІо. Гьел церего кІудиял гІуна ва нижеда аскІоса пархун ана. КІудияв Ренатий 34 сон буго. Гьес ригьинги гьабуна, юристасул лъайги щун гІумру гьабулев ва хІалтІулев вуго Вологдаялда, банкалъе хІинкъи гьечІолъи чІезабулеб хъулухъалда. Йиго щуго сон барай яс Амелияги. Нижер цохІо йигей сибтІ. Гьей гІемер щола нижехъе гьоболлъухъ. Амелия бигьаго лъугьана нижер кІудияб хъизамалда гъорлъе, ккуна гьитІичазулгун гьудуллъи. ГьитІинай хІисабалда цо бакІалда чІечІого, гьелъ гьарула хІаял, цадахъ гьабула физкультура, гьебго заманаялда адабалда йикІине, тІокІ йорчІичІого чІезеги х1аракат бахъула.

КІиабилев нижер вас Мурадица кватІичІого бала 30 сон, гьес жеги ригьин гьабун гьечІо. ХІалтІулев вуго Москваялда кІудияб компаниялда экономистлъун - ян бицана рукъалъул хозяйка Айхалумица. Гьелъул рос Зиядиницаги гьоркьоб кьотІизе течІо:

- БитІун бицани, лъадуца гІемераб заманаялъ рази гьавулев вукІана дун хьихьизе цо лъимер бачине.



ЦІар рагІарав англиялъул хъвадарухъанас абун буго: "Лъимал лъикІал лъугьине ккани, гьел талихІаллъун гьаризе ккола", - ян . Гьел гІакъилал рагІаби росун ратилин ккола хъизан гІуцІулаго кьочІое Москваялдаса рикІкІадаб гьечІеб росулъ гІумру гьабун бугеб дагъистаниязул кІудияб хъизаналъги.

Кинго таваккал тІамизе кІолеб букІинчІо, жавабчилъиялдаса хІинкъун. ЛъикІго ургъана ва разилъана цо лъимер бачине.

- Васал хехго кІудиял гІуна, нижер кІудияб рукъ чІобоголъана ва нижеда бичІчІана, нижерго тІокІал лъимал гьечІел мехалъ, хьихьизе рачине бегьулеблъи. Чияр лъимал рукІунарин абураб жо битІараб буго. Дун интернаталда хІалтІулеб мехалъ, дова вукІана гьавураб къоялдаса нахъе интернаталда вугев, киназего вокьулев "полкалъул вас" Алеша Жирнов. Гьев хьихьизе вачине бокьарал чагІи ругин рагІарабго, дир хІукму ккана, лъиего виччачІого, Алеша нижеего вачине. Бахчун щибилеб, киналго педагогазул рукІуна хасго рекІелъ росулел лъимал. Гьедин дица рагъ гьабун вахъана Алеша ва байбихьана гьесда тІад къайимлъи гьабизе ихтияр кьолел документал хІадуризе. Гьеб гуребги, гьесул букІана Даунил синдром, гьавуралдаса нахъе рискІиялда жаниса квен унгутІи, гьабуна чанго операция. Ниж гьев вас вачине хІадурулаго, нижехъе интернаталде вачІана кидаго лъималазул рокъор гІурал лъималазухъе ваккулев кашиш. Гьев, лъикІаб иш гьабулеб бихьун, дида тІад рекъана ва щай цохІо лъимер бачунеб бугебилан гьикъана. Гьес бичІчІизабуна Даунал унти бугеб лъимер хъизаналда цохІо хьихьизе захІматаб букІунин ва цадахъ кІигоял рачине лъикІаб букІинилан. Дица хІукму гьабуна Кирилл Никулинги вачине. Гьевги гьебго унти бугев. Кашишас гьебсагІат, хъизаналъе халатаб, талихІаб гІумруги гьарун, нижее дугІа гьабуна. Гьанже Лёшал 6 сон буго, Кириллил 9.



Цо бащдаб лъагIалидасан нижеца вачана цойги "бакъулав" вас Олег Лебедь, гьесул I7 сон тIубалеб буго.

Нижер лъималазул нижехъе щвезегIанги, гьуинаб гьечIониги, жидерго гIумру букIана ва жалго христианаллъун рикIкIунел. Гьединлъидал нижер хъизаналда кIиябго диналъул байрамал кIодо гьарула, - ян бицана лъимал гIемерай эбелалъ.

- Лъимал интернаталдаса рукъоре рачингун нижеда бичIчIана гьезул букIине кколеб цебетIей гьечIольи ва байбихьана цадахъ рекъон квекIенал къезаризе, - йилан гьорькьов жувана эмен. - Нижеца яхI бахъулеб буго нижер гьитIинал лъималазе унго-унгояб хъизан гIуцIизе, гьезда жал нижее рокьулеллъи ва кинаб букIаниги хIинкъи гьезие гьечIольи бичIчIизабизе.

Даунил синдром бугел лъимал рукIуна хIеренал, кинабго лъазе, бичIчIизе бокьулел, тIалаб-агъаз гьабуни, рокьудалъун куцани гьезда кIола рукIа-рахъиналъул шартIал тIуразеги.

Нижеца лъимал тIаса рищулел рукIинчIо, нижехъ балагьун чIарал гIадин ратана нижеда гьал, - ин гьимана Зиядин. - Нижехъе гIемер рачIуна хал гьабизе батIи-батIияб хъулухъалъул чагIи. Щун йикIана доб мехалъ Россиялъул правительствоялъул председателасул заместительлъун йикIарай Ольга Юрьевна Голодецги. Нижер хъизан лъикI лъала Москва областалъул къайимлъиялъул органаздаги. Дора ниж лъикIаб кьерда руго. Нижехъе ахIун бачIана ва лъазабуна нижер хъизан босун бугин киналго ресаздаса пайда босулеб, мисалияб «ресурсная семья» абураб сияхIалде. Рачарал лъимал хьихьи гуребги, тIадеги ихтиярал щвана нижее. БичIчIизабила гьелъул магIна. Лъимал ихтияр гьечIого хьихьулел ратани яги жидеда тIадал ишал тIураларел эбел-инсуца рачун ратании, гьезда аскIоса нахъеги рачун цин гьел лъола больницаялда, сахлъиялъул хал гьабула, росула анализал, чIезарула унтаби. Приемник распределителалде ккечIого рукIиналъе гIоло, хехго детдомалде кьоларо гьел. Сордо



къоялъул бокьараб заманаялъ доб сияхIалде босараб хъизан хIадурун букIуна гьел лъимал къабул гьаризе, эбел-эмен жидер ихтияраздаса махIрун гьарураб судалъул хIукму щвезегIан яги лъимер бесдалаб бугин чIезабизегIан.

Нижеца араб соналъ лъимал рачун рукIана нижерго ватIан Дагъистаналде. Ральдахъ ниж рукIаго ахIун бачIана дихъе къайимлъиялъул хъулухъалъул чагIаз, нижее рикьун лъимал кьун ругин. Росги лъабалго лъималгун МахIачхъалаялда тун, дун хехго йоржана рукъое, гьитIичалгун дандчIвазе. Нижехъе ккана, гьекъолдулел эбел-инсухъа нахъе рачарал, сах-саламатал лъимал. Алиночка Румянцевалъе I0 моцI гурони букIинчIо, Олежек Афониний лъабго лъагIелгун бащдаб. Нижер хъизаналда гьанже кIиго Олег вуго. Нижее рихьаралго рокьана гьел гьитIичалги. Росана къайимлъиялде ва лъиего гьел кьезе ракIалда гьечIо. Гьел руго нижер лъимал. Алиночка музыка бичIчIулей яс йиго, артист гIадай, гьунар бугей. Цодагьай кIудияй гIурайго музыкалияб школалде кьезе йиго, - ян абуна Айхалумица.

- Дие кIудияб кумек ккана педагогикияб лъаялдаса ва интернаталда хIалтIулей йикIун махщел камиллъиялдаса. Ниж хIадурун рукIана захIмалъабазде, амма гьадигIан захIмалъилин ккун букIинчIо.

Исана нахъеги Дагъистаналде ральдахъе щвезе хIадурулеб мехалъ, гьитIинав Олегица гIекгIекиялда гIодизе байбихьана ва гьардезе лъугьана жив рокъов тейилан. Гьев нахъеги долго эбел-инсухъе кьелин хIинкъун вукIун вуго. ХIалица божизавуна нижеца гьитIич киданиги рехун теларин абураб жоялда – йилан бадиб магIу ххулана Айхалумил.

Гьанже цIидасан нижер гIумру буго цIияб магIна жаниб бугеб, аваданаб ва бечедаб. Рокъоса лъималазул рельи-хъуйги, ахIихIурги, аваданлъиги камуларо. Лъимал ругельуб кидаго канлъиги рохелги камуларелъул. Гьел нижеда рельлъаралгиха лъугьунел ругел. Лъималаз такрар гьарулел



руго нижер ишараби, кIалъалеб къагIида. Нижедаги гIемераб жо лъана гьездасан – ян угьун биччана Айхалумица, - аслияб жо гIумру бокьи ва гьелъул къимат гьаби буго.

**Виолетта РАТЕНКОВА**



Выставкабазул цебелъей бугониги, къокъа-къокъаккун бихьизейилан аниги, музеялде щвейгун гІадамал, жидедагоцин лъачІого, шурун кІалъазе лъугьуна. Амма гьеб сихІкъотІиялдаги, музеялда кидаго тІадбан унеб букІунеб буго хІалтІи. Гьелъул ва гьеб гуреб цойгидалъулги хІакъалъулъ нижее бицана, ПатІимат СагІидовна ХІамзатовалъул цІаралда бугеб, Дагъистаналъул изобразительниял искусствабазул музеялъул директор, Дагъистаналъул ЖамгІияб палатаялъул член, маданияталъул комиссиялъул председателасул заместитель, Дагъистаналъул мустахІикъай культураялъул хІалтІухъан СалихІат Расуловна ХІамзатовалъ.

# МУЗЕЯЛЪУЛ СИХІКЪОТІУДА ...

СалихІатил цІар гІемер дандчІвала газет-журналазда. ГІемерисеб мехалъ дунялалдаго цІар ргІарав поэт Расул ХІамзатов гьелъул эмен вукІиналда хурхун. СалихІат, инсул ва эбелалъул хІакъалъулъ ракІалдещвеял рицунаго, музеялда гІуцІарал выставкабазул ва цогидалги культуриял тадбиразул бицунаго нилъеда йихьулей йикІана цо рахъалдасан. Нижее бокьун буго СалихІат йихьизайизе цІар ргІарав инсул лъикІай яс хІисабалда гурейги, чІужу, эбел, гІадан ва кІудияй махщалилай хІисабалдаги.

### ЮБИЛЕЙ

Гьаб сон СалихІатие юбилеял гьарзаяб сонлъун букІана. Жинцаго 55 сон гуребги, музеялъул директорлъун хІалтІулелдаса 20 сонги бана инсана СалихІатица. Гьелъухъе директорлъи щвана, хисичІого 1964 соналдаса 2000 соналде щвезегІан гьеб музеялъул директорлъун хІалтІарай, гьелъул эбелалъухъан. 2011 соналъ музеялъе ПатІимат СагІидовнаялъул цІарги кьуна.

ГІемерал дандчІваларо СалихІат гІадин жиндирго хІалтІуде машгъуллъарал чагІи. СалихІатихъа бажарула тІубараб сагІаталъги музеялъул цо тІагІелалъул хІакъалъулъ гуребги, дунялалъулго искусствоялъул музеязда выставкабазда ругелги батІи-батІиял Дагъистаналъул изобразительниял ва прикладноял искусствабазулги тІагІалабазулги бицине.

### КІУДИЯБ РИКІКІАДАСАН ЛЪИКІ БИХЬУЛА

СалихІатилгун гара-чІвариялде хІадурулаго, дица цебеккунго битІана гьелъухъе анцІго-анцІила щуго суал. Гьелъул тІоцебесеб ргІудасанго бичІчІана дида гьелъул Дагъистаналъул искусствоялъул тарихалде бугеб рокьи.

- Дагъистаналъул коллекциял цере лъурал Москваялъул музеялгун хІалтІизе ккана дун. Гьенир лъун ругел кубачиязул месед-гІарцул хІалтІаби, унсоколосезул цІулада накъищ, хайдакъазул угьарал тІагІалаби, меседил рукъи ва гІемерал цойгидал Дагъистаналъул махщелчагІазул хІалтІаби рихьаралго бичІчІула гьезул чІурканлъиги, назуклъиги, унго-унгоял искусствоялъул хІалтІаби гьел рукІинги. ЦІар ргІарал искусствоведазул пикруялдаги Дагъистаналъул приоритетал руго хІалтІизаризеги бегьулел, гьелдаго цадахъ культурологияб интересги бугел тІагІалаби.

Нилъеда нилъерго гІертІалги тІарсалги, наслабаз наслабахъе кьун нилъехъего щварал, гьадингосел рокъор рукІунел тІагІалабилъун рихьула, гьелилан абуни, искусствоведазул хІисабалда, артефактал руго.

СалихІатица ракІалде щвезабуна жийго гьанжего-гьанже хІалтІизе лъугьарайго ккараб цо лъугьа-бахьин.

- Нижехъе Бархъалиса бачІана гІажаибаб хъаба. ЦІакъ берцинал накъищаз къачІараб букІаниги, бархъалисезул букІунареб гІадаб форма букІиналъ, босиладай босилародай музеялъейилан ургъулей



йикӀана дун. БукӀаниги босана. Хадуб лъана чанго гьединаб хъаба букӀин Россиялъул этнографияб музеялъул коллекциялдаги. ТӀубараб гӀадат букӀун буго гьел хъубузда хурхун цебе заманаялъ . Гьанже йикӀуна дун гӀажаиблъи гьабун, кин дун гьезда щаклъун йикӀарайилан.

Цойги гӀажаибаб хӀужжа. Дица абичӀищха нилъеца нилъерго тӀагӀалабазул къимат гьабуларилан. ГьечӀищ долго бархъалисезул щагӀил ясикӀаби. Царицыноялда музеялде щвейгун гьез унго-унгояб хӀайранлъигун рихьизаруна гьел дида.

Есениница хъвавухъе «кӀудияб рикӀкӀадасан лъикӀ бихьула».

## ЦАДАХЪ ХӀАЛТӀИ

Дица цебего бицухъе, Дагъистаналъул изобразительнияб искусствоялъул музеялъ цадахъаб хӀалтӀи гьабула гӀемерал Москваялъул музеялгун. «Царицыно» музеялъулгун цадахъаб хӀалтӀул хӀасиллъун букӀана кӀудияб выставкабазул проект «Кавказалъул словарь: дунялги гӀадамалги», гьебго цӀар бугеб каталог биччайги. Цойги цадахъаб кӀудияб выставка буго нижер планазда 2022 соналъги.

СалихӀат Расуловна Москваялъул дандбараб «Коломенское» музейгунги хӀалтӀула. 20I3 соналъ гьениб букӀана «Евгений Лансерел бераздалъун Дагъистан» абураб суратазул кӀудияб выставка, хадуб гьеб музеялъ нилъер аниб гьабуна «РикӀкӀада 30-лел соназдаса репортаж» абураб фото суратазул выставка.

- 20I4 соналъ Москваялда нилъер заманаялъул Россиялъул тарихалъул пачалихъияб музеялда рагьун букӀана «Россиялъул художниказул бераздалъун Дагъистан» абураб выставка. Дагъистаналъул яргъил выставкагун Тулаялдеги ахӀун руго ниж. Лъаларо жеги кидал гьенире инелали ва яргъил устарзабазул шагьаралде нилъерго ярагъгун инги бахӀарчилъилъун букӀинарищ, - илан елъана СалихӀат.

Гьелда ракӀалде щвана Дербенталъул юбилеялде Пачалихъияб тарихалъул музеялда букӀараб «Дербент 2000. Дагъистан. Россия.» абураб выставкаги, гьеб бихьизе вачӀун вукӀарав В. В. Путинги.

## КВЕРЧӀВАЙ

Музеялъул хӀалтӀул бицунаго, пачалихъалъул кинаб кумек ва кверчӀвай бугебали гьикъичӀогоги бажаричӀо.

- КӀудияб кумеклъун лъугьана нижее, республика тун къватӀир гьарулел выставкабазе бихьизабураб гӀарац букӀине кколин музеязулилан абураб, Россиялъул Президентасул Указ. Гьанибго нилъер республикаялъул культураялъул министр Зарема Бутаевалъеги кьезе бокьун буго кӀудияб баркала, нижер хӀалтӀуда хадуб халги кколей, ккаралъуб кумекги гьабулей.

Цебе цо выстака республика тун къватӀибе босун бажариги рохел букӀараб батани, гьанже дагъистаналъул культураялъул министерствоялъул кумекалдалъун щибаб санайил ункъго выставка уна къватӀибе. Ахирал соназ цогидал музеялги гӀемерал рачӀунел руго выставкабазде экспонаталгун рачӀайилан гьаригун. Исана нижер экспонатал ункъо кӀудиял выставкабазда гӀахьаллъана.

## ТӀАД КӀАЛЪАЗЕ БАКӀ ГЬЕЧӀЕВ МУЗЕЯЛДЕ ХЬВАДУЛЕВ

- Музеялде хьвадулел чагӀазул элита букӀунищ, тӀад кӀалъазе бакӀ гьечӀел, музей бокьулел? Щал гьел чагӀи?

Гьеб гӀемераб кьолеб суалалъе директоралъ жаваб кьуна, шагьаралда бугила цо жамгӀияб гъат, киналниги культуриял тадбиразде хьвадулел, ва республикаялъул культурияб гӀумруялда хадуб хал кколел. Гьезда гъорлъ ругила художникал, театрал, актерал, музыкантал, искусствоведал, журналистал…

Бищун лъикӀав посетитель вуго – щибизе живго музеялде щвараваи лъалев чи. Гьесие щибаб экспонаталъулги интерес букӀуна, музеялда бихьаралъ кӀудияб асарги гьабула. Гьединал чагӀи гӀемерал рукӀине ккани, гьитӀинаб механдасаго нахъе бижизабизе ккола искусствоялде гьезул рокьи. ГӀемераб бараб букӀуна тарбиялдаги. Аслияб жо буго – гӀун бачӀунеб гӀел искусствоялдаса тӀуризе, тӀезе гьарунгутӀи. Цо-цо тӀоцере музеялде рачӀарал жалго жидеего рагьула, цо-цоязда искусство бокьизе ва къимат гьабизе малъизе ккола.

## ЦЕРЕ ЧӀАРАЛ МАСЪАЛАБИ

Дагъистаналъул музеязул бищун кӀудияб проблемалъун СалихӀат ХӀамзатовалда бихьулеб буго рукӀине кколел гӀатӀидал площадал музеялъул гьечӀолъи. Цодагьал церегӀан соназ музей, цебеги гьеб букӀараб, дол атлантаз чӀухӀизабураб минаялъубе бахъана. Гьанже бихьулеб буго музеялде рачӀаразда гьелъул унго-унгояб бечелъиги берцинлъиги. ГӀажаибаб къагӀидаялъ нилъер музей босун цо кӀудияб европаялъул яги россиялъул шагьаралде ккун букӀарабаниги, расги нечезе бакӀ нилъер букӀинчӀо ва гьечӀо.

Кидаго рукӀунел экпозициялги нахъе росун, хисхисулел выставкаби гьаризе лъугьана ниж, кигӀан бокьичӀониги, бакӀ гӀунгутӀиялъ. Площадал рукӀаралани, 5-6 кидаго цебе букӀунеб экспозициялъе гӀураб къай буго нилъер музеялда.

Дунялалдаго яргъил махщелчагІаздалъун машгъураб Дагъистаналъул яргъил выставка гьабизе рес гьечІо. Цебе лъун буго гІицІго 72 яргъил тайпа, тІубараб зал цІезабизе ресги букІаго.

Гьединго нахъарокъоб бахчун буго чинидал экспозиция. Цере нижехъе рачІунел рукІарал чини бокьулел посетителаз гьанжеги гьикъула доб чинидал суркІащурун кибе арабилан. Гьанже цо залалда тІадеги витринабиги лъун, гьениб лъуна нижеца бажарараб гьеб чини-цІер.

### ОНЛАЙН-ФОРМАТ ВА ПАНДЕМИЯ

Жидерго планазул бицунаго СалихІат Расуловнаялъ абуна, пандемиялъ квал-квал гьабун цо-цо проектал гъоркь хутІаниги, планал гІемерал руго музеялъулилан.

- КІиабилеб октябралъ Тулаялъул музеялъул фондаздаса, КІудияб ВатІанияб рагъул заманаялъ гІуцІараб графикаялъул выставка рагьизе буго. Он-лайн гьеб экспозиция рагьиги бихьизабун, гьенисанго экскурсиял эфиралде риччазе бокьун буго. Гьаб пандемия бачІиналдего хІалтІизарулаан нижеца, нилъерзаманаялъул технологияздаса пайдаги босун, онлайн-формат. Гьеб мехалъ лъаларoан гьеб аслияб форматлъун лъугьунеб пандемиялъул заман тІаде бачІине букІин. Музеялъул хІалтІухъабазул хІаракаталдалъун, нижеца цо къоялъги гьоркьоб къотІизе биччачІо музеялъул хІалтІи.

### ЖИНДИРГО ХІАКЪАЛЪУДЛЪ

Жиндие гІемерисел искусствоялъул тайпаби гІагарал ругилан абуна СалихІат Расуловнаялъ, дуе бищун бокьулеб искусствоялъул тайпайилан кьураб суалалъе. Гьелъие бокьулеб буго бархъалисезул, гьоцІдерил, ансадерил махщел. Гьанжезаманаялъул художникал Наталья Савельевалъул ва Тимур Кагировасул суратал гьелъул кабинеталда ран руго. Гьединго гьелъие рокьулел руго Хайрула Къурбановасул ва МухІамад Дибировасул суратал.

Расул ХІамазатовасул яс йикІин гурейги, СалихІат Расуловна некІогоялдаса лъала киназдаго жиндир хІалтІул профессионал хІисабалдаги. Гьелъ лъугІизабуна МахІачхъалаялъул 13 школа. ЦІалана МГУ ялъул тарихияб факультеталда ва лъугІизабуна ДГУялъул филологияб факультет. Гьелъие гьитІинаб мехалдасаго бокьулаан тарихги адабиятги. Школалда цІалулаго букІуна гьелъул анищ филологлъун яхъине.

- Кинабго рахъ лъикІ цебе бачун бажарулел руччабиги рукІунел ратила, амма дие захІмат букІуна хъизамалъе заман батизеги, хІалтІи лъикІ цебе бачинеги. Дир кІудияб хъизан гьечІо. Рос ГІумахан ГІамирханов вуго юрист, республикаялъул тарифазул хъулухъалъул нухмалъулев. Яс Аминат – психолог. Гьелъул гьитІинав кІиго васги вуго. КІудияв – Расул, дир инсул цІар лъурав, гьитІинав – ХІадис. Гьезда аскІоб бараб заманаялъ гьабула бищун лъикІаб асар дир рекІее. Гьеле гьеб буго унго-унгояб хІухьбахъи.

- КигІан бокьулеб хІалтІи бугониги, чІужугІаданалъе хъизан-лъималь сунцаго хисуларо. Исана цІакъго къимат гьабизе нилъеда лъараб, сахлъиги рекІее парахалъиги кьеги киназего. Аслияб жо буго кидаго рекІелъ рокьи цІунизе лъай!

**Виолетта РАТЕНКОВА**





ЧIарада районалъул Гьочоб росулъа ХIабиб Давудовасул творчествоялда кIудияб бакI ккола рокьул кучIдуз. Гьесул рукIуна, цIакъ рекIелъе портулел, бахъараб кино гIадал кучIдул. Нилъер кIудияв шагIир Расул ХIамзатовасе цIакъго рокьулел рукIун руго ХIабибил сатирикиял кучIдул ва махсаро-хочI.
Гьел цIализе бегьула ХIабибил асаразул анкьго тIохьодаги.

*ХIабиб ДАВУДОВ*

## *А, унеей ятани*

А, унеей ятани, ине йигилан
Унтараб рекIеда рукIкIби хIусуге.
Те, толев ватани, тезе вугилан
ТалихI кьечIеб рокьуй кьоге гIазабал.

А, абуге щибго, щайзе рагIаби,
ШайтIабазде рехе дурго гIайибал.
Дол талихIал къоял, гIищикъал сардал
Дуйго цадахъ росе, цойгидал дий те.

ЛъугIула кинабго, кидаялиго
Камиял гIемераб гIазаб-ракьалда.
Рокьулги букIуна жиндирго къисмат,
Къадар нилъер хъвачIеб бекайги къалам.

## *ЛъугIана дир макьу*

*Нилъер мугIрузда гIумруги, гIодорлъиялде гочаразда гIагараб мацIги, цIарги цIунеян ахIулел ва гьелда тIад хIалтIулел, ПатIимат ГьитIиновалъе ва Баху МухIудиновалъе.*

Дида къаси макьилъ мугIрул рихьана,
МагIарулаз тарал, жалго хутIарал.
МугIрузул каранда хурхун бугоан,
Холеб лъимер гIадин, гIагараб росу.

ЧIорогоял нухал, риххарал кьоял,
Кьурабазде къотIун дир гIагараб мацI.
ЦIа ссун гъанситаби, гIекколел тIохал,
ТIохазда щапарал кIкIуйдул байрахъал.

МучIдузда гьечIо гIи, гIухьбузул пажал
ГIалхул жанаварал жанирги рещтIун.
РекьичIого хурзал, чIунтарал кулзал,
ЧIахIица рахчарал хабал занаби.

Гьаниб билун рохел, рагIуларо кечI,
ГIумру пашманлъуда лъалхъун цебего.
Цого гьури буго, сардилъ гIодараб
ГIидрадул бадиса магIу бацIцIунеб.

ЛъугIана дир макьу, макьилъ гурелги
Чан росаби, кулзал чIунтулел ругел.
ЧIегIерал ракIазул рекIкIаб замана
МугIрузда гIумругун буго багъулеб.

Амма, божула дун, жеги гIурдада,
ГIухьбуца гамчIазукь ракила цIаял.
РещтIина тIадбусун росдал къватIахъе
Билараб рохелги, хинлъиги, кечIги.

## *Хасалил тIанхиде тIинкIараб магIу*

Хасалил тIанхиде тIинкIараб магIу,
ТIадбуссине гьечIеб дир гIолохъанлъи.
ГIагараб тIалъи тун дун унеб къоялъ
Кьварид хадуб балан тараб лъимерлъи.

Канлъухъе роржарал, цIадулъе ккарал
Сардил кIалкIучIаллъун рухIарал сонал.
Сусанил Иванид полякал гIадин
ГIазул рохьор тарал талихIал къоял.

Гьереси батана божараб щинаб,
БатичIо ритIухълъи маргьабалъ гуреб.
Хинлъарал цIаяца цIорона ахир,
ЦIункIарал кIутIбуца кIотана ругънал.

Нохъоде къотIараб къасдазул рехьен,
Нахъасан къед балел къватIул унтаби.
Анищазул ахикь пихъ барщиналде
Балеб тIаде гIазу гIузрудал накIкIаз.

Сапаралъ унелъул нух битIарахъе
Нухал къосарав дун вуссана кватIун.
Вуссиндал батана чIобого росу,
ЧIунтарал къадабакь кьижун замана.

Дунял, дур къарумлъи, къисмат, дур кьогIлъи,
Кьураб щинаб ахир нахъе бахъулеб.
Мехтарав гIабдалас ахIулеб кочIол
Концерталда кIусун унеб дир гIумру.

*15.02.2020*



Гъуниб районалъул Гьонода росулъа ГIарипова ПатIиматил кучIдул гьаризе бугеб махщел некIого загьирлъана «МагIарулай» журнал цIалулезе. Гьей йиго «Ясазул годекIаналда» гIемер дандчIвалей, пасихIаб каламалъул, кепаб хабаралъул нилъерго ГIарипилай. Сахлъиги тавпикъги кьеги ПатIиматие жеги гIемер нилъер ракIал хIайран гьарулел кучIдул хъвазе.

*ПатIимат ГIАРИПОВА*

## БатичIо дие бакI дур рокьул гьундухъ

БатичIо дие бакI дур рокьул гьундухъ,
Рокьул къали дуца къойил чIваниги,
БергьинчIо дур хIасрат хIилла лъачIей дихъ,
Къор, хIалихьалъиялъ, дуца гъуниги.

ЧIухIи лъачIей дунги, лъай бугев мунги,
Лъана къисматалда ратIа гьаризе,
ЛъикIаб кьолбол мунги, сах гьечIей дунги,
КIвана гIаламалда гIузру батизе.

КIийиде бикьараб дур рокьул сухъмахъ,
Я рагIалде щвечIеб, я ахир лъачIеб,
ЧанцIулго борчараб дур рокьул рачел,
Я бахъун рехичIеб, я къазе кIвечIеб.

***

Къисматалъул гьоко гIаксаги гирун,
ГIага-божаралгун рикIкIад хутIана,
РакI гъезе чи гьечIеб чияр ракьалда
Чиякълъиги баччун гIумруги ана.

ЦIудул рорженалъухъ гIащикъаб дир ракI,
Гъудузул гьаркьахъе къварид хутIана,
Лочнол тIавап бихьун, тIуркIулел лугбал,
Чудказул хIал бергьун, хIал дагьлъун ккана.

***

Эбел, дур гъансто чIобого буго,
Дуца цIа кунчIичIеб рукъ квачан буго,
ЦIорораб гьечIолъи, хурхун къвалги бан,
Къваридаб рекIеде цIам щвалеб буго.

Рагьда хасел буго, хиял чIчIун буго,
ГIазул юргъаналъукь кьижун мун йиго,
РакIалде щвеяца, сверун женжедун,
Жаниб кереналда кор боркьун буго.

Ахирисеб сапар, нахъ юссин гьечIеб,
Мун тIойитIулелъул тIуна рекIел чIва,
Берал къанщулелъул тIад бахъараб квер,
Кибехун чIваниги, бухIулеб буго.

Бугебанищ, эбел, цо лахIзатниги
Дур калам рагIулеб, гьими бихьулеб,
БачIунебанищ къо, къвал дудаги бан
Къварилъи чучулеб, ургъел бикьулеб.

Анищазул рахас, пикрабазул кьо,
Кьелаан дица рухI, ячIуней лъани,
ЧIалгIеналъул куркьбал, урхъиялъул цIал,
ЦIоролей йиго дун, дур хинлъи лъугIун!

## Сахухъе кагъат

Кизляралъул хъумур, хъутабазул бацI,
Хъван телищ цо сарин керен чучизе,
Чванта чIобогояв, Саху-олигарх,
Бицинищ цо дурго, яхI лъун букIине?

Дир боцIи бичараб час кIочон танин,
КIвеларищ доб налъи нахъе буссине,
Доб даран гьабунги сонал сверанин,
Сабаб батиларищ кепкал рикIкIине?

ХIалае чи гьечIей чиякъай дир панз
ХIалалалаб кьечIони битIун ккеладай,
ТIилица яччарай рекъай дун пакъир,
Якъухъе танани баркат лъелебдай?

Шагьи-параялъул къуватги хванин,
ХвезегIанищ телеб налъи горбода,
Гургинаб анцIго сон дармил тIубанин,
ТIокIлъиларищ гъурщал гьаримай дие?

Диваналда вегун гьай-гьуйги бачун,
Бечедасул сабру мун виччан тезе,
Чарал харбал рицун мискинал гуккун,
Халикъасул рахIму дуй рикъзи хъвазе.

Диеяли, Саху, бакьанго гуро
Габуниб кIичI лъураб лъавукъаб даран,
Дур гьеб гIамалалда дун рази гьечIо,
Гьобол-гьудуласул божилъи гьечIеб.

Гьабулеб битIаги, данде билълъаги,
Бичас дур рекIелъе иман тIинкIаги,
Хьамун рагIи гуро, сукIун ракI гуро,
Аллагьас хеккого кантIизавеги.

# ЗАМАНАЯЛДА ЦАДАХЪ



Лъайкьеялъул учреждениязги живго учителасги кколеб бакІалъул хІакъалъулъ бицунеб буго республикаялъул Лъайкьеялъул централъул нухмалъулей ва РДялъул педагогазул Ассоциациялъул председатель Анжела Байрамбековалъ

**Дур хІисабалда кинав вукІине кколев жакъа учитель?**

Нилъер заманаялда учитель вукІине ккола лъай кьеялъулаб ишалъулъ аслияв чилъун. Гьесул букІине ккола жинца малъулеб предметалъул гъваридаб лъайги, лъималаздехун кІудияб рокьиги. Учителасул рагІиялъ, гьесул предметалдехун бугеб балагьиялъ, бижизабула лъималазулги лъаялдехун рокьи ва гьеб буго нилъер аслияб мурадги. КиналгІаги кутакал оборудованияз гьев хисуларо.

**Инновациялъулаб методика сундуеха?**

Микьго – ичІго соналъ цере раккана нижер школалда интерактивиял доскаби. Доб мехалда стереометрия лъазабизе байбихьараб классалде геометриялъул дарсиде арай дун хІикмалъунги ккун йикІана, гьеб цІилъиги бихьун. Доскаялда килищги бахъун бокьараб сурат лъугьинабизе кІолеб букІана лъимералда. Гьединлъидал гьанже учителасул рес буго цІалдохъанасда кинабго бихьизабизе, бичІчІизабизе ва цебечІезабизе. Гьанже нижеца росулел руго, биологиялъул дарсазе программаби ругел, 3G – проекторал. Гьелъул кумекалдалъун, мисалалъе, чиясда бихьулеб буго клетка биххулеб куц. Лъайги бугев, лъималги рокьулев, дарс бичІчІизабизеги бажарулев мугІалим вугони, дарс лъугьунеб буго бигьаго хадур гьолеб ва гьираялда гІенеккулеблъун. ГьелъиеъкъваригІуна кІиго жо: лъикІав учительги техникаги.

**Дуца абулеб бугоха учитель – лъай кьеялъул ишалъулъ аслияв чи кколилан. Кин ралагьулел нужеца мугІалимзаби? Кинал тІокІлъаби гьезул рукІине кколел?**

Гьезул рукІине ккола рехсезе бигьаял амма ратизе захІматал хасияал. ТІоцебесеб иргаялда дица кІвар кьола учителасул вакІа – вахариялде. Нилъеца щаялиго гьеб абизегІан кІвар бугеб жо гуриланги толеб буго. Лъималаздайин абуни учитель вихьизе ккола вацІцІа–вакъадав ва къамартІав. Педагогасул букІине ккола ракІалъ къабул гьабулеб суратги, гъваридаб лъайги.

Хадусеб иргаялда дица халгьабула гьесул лъаялъухъ. БитІараб бицани, щивниги къиматал лъураб тІамач бихьизабизе дица гІумруялъ тІамичІо, нечола. Амма лъугІизабураб вузалде кІвар кьола. Гьединго балагьула гьесул бугеб хІалбихьиги. ГІолохъанав специалист вугони лъазабула сунца гьев школалде вачарав, кинаб мурад гьесул бугебали. РЦОялда гІемерал рукІуна тІоритІулел кІвар бугел тадбирал, мисалалъе «ГІелмуялъ гІолилал гІуцІула», «Биччай лъикІаб рагІиялъ ракІ борчІизабизе…» ва цогидалги.

**Бицине бокьилаан гьел аслиял тадбиразул хІакъалъулъ**

«ГІелмуялъ гІолилал гІуцІула» абураб республикаялъулаб фестиваль щибаб соналъ тІобитІула. Гьенир хІасилал гьарула республикаялъул Лъай кьеялъул гІуцІабазда мугІалимзабазги цІалдохъабазги гьарурал цІех – рехалъулал хІалтІабазулги проектазулги. Гьеб фестиваль буго Дагъистаналда тІоритІулел гІелмиял байрамазда гьоркьоб бищунго кІудиябги бихьулебги. Гьениб гІахьаллъи гьабула азаргоялдасаги цІикІкІун лъималаз, ясли–ахазда ругел лъималаздаса байбихьун, чІахІиял классазул цІалдохъабазде щвезегІан, ва гьединго республикаялъул тІолалго районазулги шагьаразулги педагогазги.

Халкъазда гьоркьосеб «Биччай лъикІаб рагІуца ракІ борчІизабизе» абурабги буго гІезегІанго кІудияб проект. Гьеб тІобитІула «РакІ лъикІлъиялъул цІезабе» абураб, литератураияб проекталда гьоркьоб. Конкурсалда гІахьаллъизе бегьула анкьгоялдаса къоло щуго соналде щвезегІан гІадамал. Гьелъул руго номинациял: проза, поэзия, драматическиял асарал, тІахьазе аннотациял, фотосюжетал, цІаларал асаразе иллюстрациял. 2020 соналъ конкурсалда гІахьаллъана, республикаялъул муниципалитетаздасаги мадугьалихъ пачалихъаздасаги I500 чи. Цоги кІвар бугеб проект ккола «Дир лъикІаб Дагъистан». Фотографиязул кумекалдалъун нижеца хІаракат бахъула волонтерствоялде ва цогидалги гІадамазе хІажатал ишазде кІвар буссинабизе ва гьедин лъималазул творчествоялъулаб рахъ цебетІезабизе.

**Гьединаб кІудияб Централъе нухмалъи гьаби гІечІого мун ккола жеги дагъистаналъул педагогазул Ассоциациялъул председательги…**

Республикаялъул лъай кьеялъул центр ккола «Дагъистан Республика-

ялъул педагогазул Ассоциациялъул» аслияб гІуцІилъун. Ассоциацияйин абуни буго Дагъистаналъул лъай кьеялъулги гІелмуялъулги министерствоялда цадахъго, лъай кьеялъулаб политикаги стратегияги гІумруялде бахъинабулеб идара. Гьелда гьоркьоре рачуна І8 предметазул рахъалдаса республикаялъул педагогикаялъулал къокъаби. Гьелъие нухмалъи гьабулей дица тІоцебесеб иргаялда кІвар кьола мугІалимзаби профессионалияб рахъалъ гІезариялде, тІоритІула батІи–батІиял семинарал, гьелда гІахьал гьарула Лъай кьеялъул ва гІелмуялъул министерствоялъул хІалтІухъаби, жамгІиял гІуцІабазул вакилзаби.



Гьединго тІоритІула педагогазул слетал, семинарал – совещаниял, лъай кьеялъул форумал ва республикаялъул муниципалитетаздаса киналго педагогал – предметникал гІахьал гьарула гьезда. Гьеб киналъго кумек гьабула педагогазе методикиябги теориялъулабги лъай щвезе, гьезул хІалбихьи гІахьал гьабизе ва кІвар ругел суалал гьоркьор лъезе.

Централда гІемераб хІалтІи гьабула тІаде гІолеб гІелалъул ВатІаналде рокьи бижизабиялъеги. Буго гьениб лъикІаб музей, дагьалъ цебе рагьана кадетазул класс…

20І8 соналъул ахиралда ГБОУ РД «Республикаялъул лъай кьеялъулаб Централъул» кьучІалда рагьун букІана рагъулабгун – патриотикияб тарбия кьеялъул ва гІолилаб рагъулаб хъулухъалъе хІадур гьариялъул Регионалияб центр. Гьеб централъул мурадлъунги буго тІаде гІолеб гІелалъе лъикІаб тарбия щвей, гьитІинаб ВатІаналде рокьи бугеб, гІадамазе пайдаял, гражданазулаб бичІчІи бугеллъун гІолилал гІезари. Гьеб мурадалда тІоритІула тадбиралги, акциялги, конкурсалги, викториналги.

**Централъул ва Ассоциациялъул хІаракатчилъиялъ жанибе бачуна Дагъистан гуребги. Баянаб букІахъе, нужер бухьен лъугьун буго ва хІалтІи унеб буго тІолгороссиялъул даражалда.**

Унго-унгоги, Ассоциациялъул бухьен буго улкаялъул гІемерал церетІурал цІалул заведениязулгун: Москваялъул, Казаналъул, Калининградалъул, Астраханалъул, Ульяновскиялъул, Ярославлялъул, Архангельскиялъул, Волгоградалъул, Красноярскиялъул. ЦІакъго щулияб бухьен ккун буго Казаналъул федералияб университеталъулгун. Гьелгун цадахъ гІумруялде бахъинабула нижеца «ТІолазго ингилис мацІалда диктант» абураб проект. Гьелъ цолъизарула Россиялъул тІолалго регионаздаса микьазарго гІахьалчи, Дагъистанги гьоркьобе бачун. «РакІ лъикІлъиялъ цІезабизин» абураб проекталъ цолъизаруна мадугьалихъ ругел анлъго пачалихъаздаса ва Россиялъул 38 субъекталдаса цІалдохъаби.

Гьел гурелги, нижеца тІоритІула тІолгороссиялъул рагьарал дарсал, гьениб бухьен ккола Москваялъулгун, Санкт–Петербургалъулгун, Казаналъулгун. Руго нижер, ЕГЭялъул экзаменазде хІадурлъиялъе, рикІкІадаса ингилис мацІалъул дарсал кьеялъул, видеоконференциял гьариялъул циклалги. Австралиялъул, Германиялъул, Китаялъул цІалдохъабазулгун мацІалъул ва культурияб бухьеналъе хІалтІизарула телемостал ва видеодарсал.



**Цоги щибха бугеб нужер Централъул лъикІаб рахъ?**

Республикаялъул лъай кьеялъул Центр – ккола нилъер заманаялъулаб, Севериял Кавказалдаго бищунго кІудияб школа. Нижер Централъул буго берцинаб мина, футболалъул ва волейболалъул майданал, батІи–батІиял хІаязе квегІенлъаби, гІисинал классазул лъималазе турникал, гьулакал, гьерчераби каруселал.

Лъай кьеялъул Централда хІалтІулеб буго лъикІаб коллектив. Гьеб ккола гьунар бугел педагогазул гьункараб къокъа. Гьезул бажари – гьунар цІикІкІиналъе батулеб буго профессионалиял конкурсазда, батІи–батІиял конференциязда гІахьаллъун. Гьедин гІолохъанал специалистазе щола лъикІаб хІалбихьиги гІемераб хІажатаб информацияги. Централъул гьалбаллъун рукІуна школазул директорал ва гьезул заместителал, учительзаби ва вожатиял…

**Дагъистаналъул педагогазе щиб гьаризе бокьилеб дуе?**

Дида бичІчІулхъе, нилъер заманаялда къиматалда вуго цевеТІеялъе рекъон кколев ва хІадурав, лъай босизе бокьарав ва гьеб балагьулев, пикру гъваридав ва ургъизе бажарулев чи. Гьеле гьединавлъун вукІине ккола жакъасев учительги. Гьелда бан дагьаб батІияблъун лъугьунеб буго лъай кьеялъул ишалда учителас кколеб бакІги ва гьесда цере лъолел масъалабиги руго гьанже батІи–батІиял. Сундасаго цебе гьесухъа бажаризе ккола цІалдохъан «цІализе», живго гьелъие хІалтІизе ругьун гьавизе. Аслиябин абуни: гьанжесев учитель вукІине ккола заманаялда цадахъго вильълъине бажарулевлъун. Бокьилаан республикаялъул киналго педагогал талихІаллъун рукІине. Жиндирго ургъелазда ва ракІ гІодобчІван вугев чияс тарбия кьун лъимер талихІаблъун гІоларелъул!

**Эдуард ЭМИРОВ**



# Аза – ГIалибег Тахо-Годил яс



**Репрессиялъул тема буго нилъер тарихалда жаниб цIакъ захIматаб ва хIукуматалъего кIвар бугеб тема. Гьел ракIалдещвеял бищунго захIмалъула, эбел-эмен туснахъалда тIамурал гIечIого, жидеегоги «тушбабазул лъимал» абун цIар щварал лъималазе. Цо-цо гьединал «жужахIалъул гIакъуба» бихьарал лъималазул ракIалдещвеял кьолел руго журналалда.**

Нижер лъимерлъи букIана инсул ВатIаналъ, ватIанцояз, гьезул гьабулеб ишалъе гIоло рухI кьезе хIадураб бахIарчилъиялъ, гьудуллъиялъ нур базабураб. Ниж гIуна МахIач ДахIадаевасул ва Уллубий Буйнахъскиясул хIакъалъулъ хабаразда – гьел рукIана нижер инсул гьудулзаби. Нижер ракIжубарал, нижер гIагарал чагIилъун лъугьарал гIадамал рукIана ХIамид ва ГIабдурагьим ТIалхIат, Джалал Къоркъмасов, нижер божарай гьудул Ксения Александровнаялъул рос, цодагьавго живго жиндиего гIурав Нажмудин Самурскийги.

Нижер гьудулзабазда гьоркьор рукIана – гIажаибго бахIарчияб берцинлъиялъул цIар арав Муслим Атаев, машгьурав партизан Рабадан Нуров, Наида – ункъачу, ХанмухIамад даци ва нилъерго бахIарчияв наиб ХIажимурадил васасул яс, чIегIерал беразул, чIурканай Ума-ункъачу.

Бищунго ниж рохун рукIана нижехъе 1934 соналъ багIараб расалъул, гIурччинал беразул, жиндирго кIудияв инсудаги релълъарай, Шамил имамасул васасул яс, Написат ячIараб мехалъ. Гьей хвана якъиялъ Ленинградалъул блокадаялда.

АнцIила щуго сон бачIей жо йикIана дун эмен хвараб мехалъ. РакIалдасаго унаро 1937 соналъул 22 июналъул радакь Мамонтовкаялда пачалихъияб дачаялда (гьеб заманаялъ эмен вукIана ЦК ВКП(б) ялъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель) эбелалъ дун йорчIизаюраб куц. Гьей, дир вац ХIажимурадида цадахъ, Москваялда гьесул цIали лъугIун гьабулеб вечералда йикIиндалха: «Дада жанив тIамун вуго, хIинкъуге» - ян рогьалилъ гьелъ гIинде шуридал, дица цIакъ гIажаиблъи гьабуна. Рокъор нижеда лъаларел гIадамал рукIана цо жо балагьулел. Щибго жоги батичIого, гьел нижер эбелги цадахъ ячун ана. Ниж лъабалго: дунги, дидаса 3 соналъ гьитIинав МахIачги, 6 сон барай Миночкаги хутIана.

Байбихьана нижер цIияб гIумру. Дица гIисиназул тIалаб гьабулаан, кваназарулаан, кьижизарулаан. Гьедин ана анкь. Анкьидасан ячIана эбел. Ниж комендантас дачаялдаса нахъе гъуна ва нижерго Москваялда букIараб квартираялде ана. Нижер минаялда гIемерал квартираби чIорого ругоан – гьенисаги, нижер эменго гIадин, цогидалги рачун ун ругоан.

Доб сордоялъ вохуца холаго рокъове вачIунев вукIарав дир вац ХIажимурад... Гьев школалъулго чIухIилъун вукIана. Эменги вачун ун чIобоголъараб гIечIого, рогьинегIан рокъор хъирщадулел чияр чагIиги ратана гьеседа. Цо чанго къоялдасан гьев, бюроялде ахIула, комсомолалдаса нахъе рехизе. Характеристика гьесие кьун букIана Джалал Къоркъмасовас. Гьевги жанив тIамун вукIана, хадурго цогидалги ине бегьула-



ан. ТалихIалъ, киназгоги гьарун, гьев комсомолалдаса рехичIо ва ункъабго соналъ КIудияб ВатIанияб рагъулъ цебесеб кьерда вагъана. Гьенив восана партиялдеги.

I937 соналъул I8 июлалда дица дирго тетрадалда хъван буго: «Ежовасе Ленинил орден щвана» - ян. ГIемерал цойгидаздаго гIадин, эбелалдаги ккун букIун буго 3-4 моцIалдасан эмен къватIиве виччалилан. Сталиниде букIана гьей пакъиралъул кIудияб хьул, палги тIамун къватIиве вачIиналда божун йикIунаан.

ГIумру жиндирго нухалъ унеб букIана. Эбелалъ хIаракат бахъулеб букIана хIалтIи балагьизе, ричана инсул хутIарал къиматал тIахьал (цогидал цIакъго къиматал Кавказалъул хIакъалъулъ хъварал рахъун ун рукIана). Сундасаго ниж цIунизе хIаракатги бахъулаго, инсул хIакъикъат лъазабизе гIемерай хьвадана эбел. «Щиб лъалеб, Сталиница жаваб кьезе бегьула гурищ эбелалъул кагътазде. Инсуда щибниги гIайиб гьечIелъул. ГъалатI ккун батила гьезул. Гьев чара гьечIого нахъ вуссина, Сталинида дир эмен лъикI лъалелъул. Нижеда ракI гурхIилародай гьесул?» - ян кколаан дида.

Амма гьесул халкъалъул тушбабазул лъималазда ракI гурхIулароан, кигIан гьес эбел-инсул жаваб лъималаз кьоларин абуниги. Ахиралдаги эбелалъ хIукму гьабуна дунги вацги Владикавказалда вугев жиндирго вац Леонид Петрович Семёновасухъе щвезаризе. Гьев гьенив вукIана жиндирго яц Елена Петровнагун цадахъ. Гьеб букIана дир эбел гьаюраб ва гIураб рукъ. Дир эменги гьенисан ун вукIана, I9I2 соналъ гимназияги лъугIун, Москваялъул университеталде цIализе. Леонид Петровичас жиндирго ГIалибегилги Ниналги лъимал сункьаго хIинкъичIого къабул гьаруна.

Эбелалда гьаналъ бицунеб букIана щибго лъикIаб жо цебе гьечIеблъи ва жийгоги жаний тIамизе бегьулейлъи. Нижер квартираялъуса вачун ХIамид ТIалхIатги жанив лъуна, гьебги лъикIаб хIужжа букIинчIо. Гьев аравго, бахъун иналда хIинкъун, рукъалъул къайи: гъансалги, халичабиги, гIарац-меседги, пианиноги бакIа – бахарун эбелалъги Владикавказалде битIана. НКВДялъул хIалтIухъабаз бищун цебе бахъулаан ярагъ. Нижер гьез рахъун ана хунжрул, инсуе кьураб тIад цIар хъвараб таманчагицин.

БитIун цIияб соналда цебе эбелги ана ячун. Гьелъ цебего хIадурун букIана, жаниб хIажатаб щинаб жо лъураб, гьитIинаб, тIулакьераб тIомол гьабураб, чемодан. Щуго сон Мордовиялъул Темники лагералдаги бан, чорхолъ унтиги ккун къватIие ячIана гьей. ГьитIинав вацги витIана лъималазул колониялде, гьениб гьуърузул унтиги лъугьун, туснахъалъул больницаялда хвана. Гьедин биххана нижер щулияб ва баракатаб хъизан. Гьедин тIагIинаруна аза-азар берцинал хъизанал. ГIажаиблъи, ниж лъабалго чIаго



хутIана, кIудиял гIуна ва цIияб гIумру байбихьана. Эбел-эмен ритIухъ гьаруraб I956 сонгицин бихьана нижеда.

Москваялда цIалулей йигеб мехалъ, МГБялъул архивалда батараб инсул делоялъулгун лъай-хъвай гьабуна дица. Гьелдасан лъана, пантюркистазул организациялда гъорлъ гIахьаллъи гьабунилан гьересияб гIайибги гIунтIизабун, I937 соналъул 9 октябралда эмен чIваравлъи. Гьединаб суд гьабулаан I5 минуталде «тройка» - йиилан абулел чагIаз. Эмен гьесде гIунтIизабулеб гIайибалъе мукIурлъун гьечIо ва гьев гьебго къоялъ чIван вуго. Эмен вукъун вуго Доналъул №I вацлъиялъул хабалалъ, гьенир рукъаразул сияхIалда 2002 абилеб номералда гъоркь. Архивалда, чIварав эмен ракIалдещвеялъе, дихъе кьуна гьесул багIарав партизанасул билетги, ричIун биччараб горделъ, туснахъалда бахъараб, сварал беразул инсул суратги…

**ХIадурана ГIалав ГIАЛИЕВАС**

# МАГIАРУЛ ХIАРПАЛ



ТI-ялъ тIаде тIинкIула,
ТIерола, батIалъула,
БетIула, тIуртIудула,
ТIеркIола, тIунтIудула,








МахI сунтIула, тIегь тIола,
РетIелги тIад ретIуна,
БотIрол расги бетIула,
ТIалъула, тIад буссуна,
ТIилгIала, тIирун чIола,







ТIим, матIу, ратIа, бетIер,
БотI, бутIа, тIагъур, ретIел,
ТIом, тIимугъ, тIамур, тIутIал,
ТIентIра, тIарс, тIажу, тIилал -тI битIун абизе лъай!



Лъ лъамияб жо буго,
Ралъдалъ, лъадалъ лъедолеб,
Лъ-ялъ кIалдиб лъим ккола,
Лъ-ялъ кIал-мацI секкола,
Борлъула, батIалъула,






СогIлъула, лебаллъула,
Малъула, лъутанхъула,
Лъала, лъола, лъехьола,
Лъимадуе белъула,
Лъилъарула, кIилъула,








Лъедерлъула, мигьлъула,
Лъел, лъарагIлъи, лъамалъи,
Лъар , болъо, милъир, налъи,
Лъ нилъеца абила, кIалдиб лъим ккураб гIадин.

ХIадур гьабуна САРАТ МУХIУМАЕВАЛЪ

# Журнал в журнале





*Нежная сливочная панна-котта и сочная апельсиновая карамель – идеальная пара, состоящая из противоположностей*

# ПАННА–КОТТА С АПЕЛЬСИНОВОЙ КАРАМЕЛЬЮ

ДОЛГИЕ ЗИМНИЕ КАНИКУЛЫ – ЛУЧШИЙ ПОВОД ПРИГОТОВИТЬ ДОМА КЛАССИЧЕСКИЕ ДЕСЕРТЫ. ИХ ЛЮБЯТ ВСЕ БЕЗ ИСКЛЮЧЕНИЯ

- *молоко – 400 мл*
- *жирные сливки (20%) – 400 мл*
- *ваниль – 2 стручка*
- *желатин – 5 листов*
- *ликер – 5 ст. л.*
- *цедра одного апельсина*
- *мелкий сахар – 350 г*
- *апельсин – 5 шт.*

**Панна-котта – это не просто классика, а супер-классика: сложно представить себе итальянский ресторан, в меню которого нет этого десерта. Нежный, ароматный, одновременно сладкий и обволакивающий вкус заставляет думать, что за этим кремом скрывается какой-то особый секрет. Рецепт блюда очень прост: на то, чтобы приготовить панна-котту дома, нужно 15 минут. И еще совсем немного терпения, чтобы дождаться, пока она застынет.**



1. Поместим листы желатина в миску с холодной водой – они должны как следует размокнуть.
2. Стручки ванили разрежем вдоль и тщательно выскребем их содержимое, стараясь сохранить его полностью.
3. Смешаем молоко, цедру апельсина, ванильные стручки и семена из них, сливки и 100 г сахара в кастрюле и будем нагревать до появления первых пузырьков. Убавим огонь и оставим покипеть 3-5 минут, помешивая.
4. Оставим смесь настояться еще 10 минут, а затем процедим через сито.
5. Достанем желатин из воды, переложим в молоко и будем тщательно размешивать, пока пластины полностью не растворятся.
6. Перельем смесь в большую форму или распределим ее по маленьким формочкам и уберем в холодильник как минимум на 5 часов, для застывания.
7. Перед подачей очистим апельсины от кожуры, срезая и белую подкожную мембрану, аккуратно вырежем ножом мякоть из каждой дольки. Оставшиеся части выжмем в глубокую миску – получится примерно 70 мл сока.
8. Разогреем антипригарную сковородку и выложим туда оставшиеся 250 г сахара. Дадим ему растаять и доведем до состояния карамели.
9. Добавим апельсиновый сок – от этого карамель резко загустеет и, возможно, возмущенно зашипит. Пугаться не нужно: продолжим нагревать ее до тягучей однородной консистенции, помешивая, а после снимем с огня.
10. Достанем из холодильника застывшую панна-котту. Чтобы легко извлечь ее из формы, аккуратно проведем ножом по краям, а потом окунем дно формы в горячую воду и перевернем ее на тарелку.
11. Украсим десерт апельсиновой мякотью, польем карамелью и подадим в ту же самую секунду.



# Картофельный гратен



**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

***Молодой картофель с тонкой кожицей – 750 г***
***Жирные сливки (20%) – 300 мл***
***Цельное молоко (6%) – 200 мл***
***Пармезан (тертый) – 8 ст. л.***
***Чеснок – 2 зубчика***
***Тимьян – 3-4 веточки***
***Розмарин – 2 веточки***

1. Разогреем духовку до 160 °С.
2. Смажем сливочным маслом керамические формы для гратена.
3. В небольшой кастрюле смешаем сливки, молоко, чеснок и травы и поставим на огонь. Доведем до кипения на медленном огне, помешивая, чтобы не образовалась пенка.
4. Выключим огонь и оставим молоко настояться в кастрюле 10 минут – за это время и чеснок, и прованские травы отдадут все свои ароматы.
5. Извлечем травы и чеснок – лучше всего процедить молоко через сито. Хорошо посолим.
6. Молодую картошку можно не чистить. Просто нарежем ее очень тонкими кружочками и разложим на формах слоями. Главное – сделать ровным верхний слой.
7. Разольем по формам молочную смесь, сверху выложим натертый сыр и поставим в духовку.

8 Запекать гратен нужно чуть больше часа, чтобы картошка стала совершенно мягкой.

# Гарнир из картофеля «Лепестки»

**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

***200 г картофельных клубней;***
***40 мл растопленного сливочного масла;***
***40 мл растительного (оливкового или подсолнечного) масла;***
***10-15 г чеснока;***
***Розмарин, соль и специи по вкусу***



1. Картофелины примерно одинакового размера и правильной овальной формы очистить от кожуры, а затем натереть на специальной терке или нарезать кружочками 1-1,5 мм толщиной.
2. Смешать оба вида масла. Этой смесью при помощи силиконовой кисти смазать изнутри форму для запекания, но не расходовать все масло сразу.
3. Далее картофельные лепестки красиво выложить в форме распустившейся розы. Сверху посыпать солью, измельченным чесноком и розмарином.
4. Полить оставшимся маслом и отправить в духовку запекаться при 200 градусах. Время приготовления будет зависеть от величины формы и толщины картофельного слоя. В среднем понадобится от 45 минут до 1,5 часа.

# Фаршированные цукини



**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

***Цукини – 3 шт***
***масло оливковое – 2 ст. л.***
***мясо краба – 300 г***
***лук зеленый – 10 г***
***петрушка – 3 ст. л.***
***лимон – ½ штуки***
***сыр эмменталь – 2 ст. л.***
***соль, перец по вкусу***

Нарезать цукини вдоль на 2 половинки. Удалить семена и мякоть. Мякоть порубить, добавить нарезанное крабовое мясо, лук, петрушку и натертый сыр. Посолить, поперчить, добавить масло и перемешать. Начинить цукини. Посыпать сухарями и сбрызнуть соком лимона. Выложить в смазанную маслом форму и запекать 35 мин. в режиме конвекции.

# Оливье на новый лад

БРЫЗГИ ШАМПАНСКОГО, ДРАЗНЯЩИЙ АРОМАТ МАНДАРИНОВ, РАЗНОЦВЕТНОЕ КОНФЕТТИ И… ЕГО ВЕЛИЧЕСТВО ОЛИВЬЕ! УДИВИТЕ ГОСТЕЙ НЕОБЫЧНЫМ ВКУСОМ ПРИВЫЧНОГО БЛЮДА – СМЕЛЕЕ ДОБАВЛЯЙТЕ В НЕГО АВОКАДО, ЧЕРНОСЛИВ ИЛИ ДАЖЕ КОПЧЁНУЮ РЫБУ.



## ОЛИВЬЕ С АНАНАСОМ

**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

***200 г картофеля,***
***200 г отварной курицы,***
***1 ананас,***
***½ луковицы,***
***100 г горошка,***
***1 морковь,***
***соль, майонез по вкусу***

Курицу мелко порезать. Очищенный ананас, вареные картофель и морковь порезать кубиками в блендере. Лук порубить. Перемешать все, посолить, заправить майонезом, выложить на тарелки и оформить листьями салата. Оливье к празднику – за считанные минуты!



# ПРАЗДНИК МУДРЕЦОВ

21 декабря с приходом темноты евреи отмечают великую Ханукy. По-другому она называется Праздником огней и отмечается целых восемь дней. Почему? По легенде, в 165 году до н. э. воины Маккевея освободили европейский народ от продолжительного нашествия греко-сирийских войск и поэтому решили зажечь менору (еврейский семисвечник) и освятить Храм. Однако масла в меноре было очень мало. И здесь произошло чудо: масла хватило на целых восемь дней! В память об этом чуде принято зажигать ханукию, раздавать монеты и угощать всех суфганией (пончиками с повидлом).

## Способ приготовления суфгании



**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

***350 г муки,***
***щепотка соли,***
***мускат, орех, корица,***
***2 яйца, 2 ст. л. сливочного масла,***
***варенье, 100 мл растительного масла,***
***сахар, пудра, дрожжевая смесь.***

• Перемешаем муку, сахар, соль, корицу, желтки, мускатный орех и готовую дрожжевую смесь.
• Добавим сливочное масло, потом поставим в холодильник.
• Разделим тесто на части, положим в центр каждой варенье, слепим по краям, а затем смажем белком и поставим в теплое место на 30 минут.
• Положим пончики в горячее масло на 5 минут.
• Готовые пончики нужно посыпать сахарной пудрой.



# УВЛАЖНЯЮЩИЙ ЭФФЕКТ

*Главный признак здоровой кожи – ее эластичность и нежность. А такой она может быть в том случае, если содержит достаточно влаги.*

Казалось бы, стоит окунуть лицо в воду – и ваша кожа, которая испытывала дискомфорт от сухости, снова станет упругой и свежей. Но вот парадокс – вода не способна проникнуть сквозь липидный слой кожи. Именно потому дерматологи советуют использовать для умывания молочко, а затем смывать его ватным диском, смоченным в воде. Идеально, если это природная термальная вода, содержащая минеральные соли и микроэлементы. Такая вода стимулирует защитные функции организма.

### Кожа жаждет

Почему она становится обезвоженной? Причин тут много: структура кожи, возраст, окружающая среда, климатическое воздействие и другие факторы. Ежедневно незаметно для нас влага испаряется из кожи. При недостаточном уровне влаги в роговом слое кожа становится чувствительной, возникает раздражение, ощущение стянутости и дискомфорта.

Сухость – первый симптом повреждения эпидермиса.

### Что отличает сухую кожу?

- Стянутость (кожа не знает покоя, есть постоянное ощущение стянутости).
- Чувствительность (кожа слишком остро реагирует на жесткую воду, холод, ветер, работающие батареи или кондиционер).
- Снижение эластичности (иссушенным тканям не хватает эластичности).
- Шелушение (на поверхности кожи появляются неровности и сухие участки).

В той или иной степени симптомы сухости кожи можно встретить у большинства людей. Отметим, что организм сопротивляется: процессы восстановления в нем протекают практически непрерывно. Тем не менее коже нужна и помощь извне. При этом важно правильно выбрать помощника.

### Тонкие связи

Увлажняющие средства выполняют роль барьера, который препятствует испарению влаги. Такие кремы и эмульсии продлевают молодость кожи, сохраняя ее упругой и мягкой. Однако уход должен быть регулярным.

Качественные увлажняющие средства не закрывают поры, не вызывают акне или аллергической реакции.

Существуют различные типы увлажняющих средств, в соответствии с типами кожи. Поэтому, покупая крем, убедитесь, что он подходит именно вам. В состав увлажняющих средств для сухой кожи входят биологические жирные кислоты, а также биолипиды, которые укрепляют естественный барьер. Для нормальной кожи используют менее жирные ингредиенты. Жирной – нужны средства с максимально легкой текстурой. Старайтесь не пользоваться ароматизированными увлажняющими средствами, содержащими большое количество ингредиентов.

Вас не радует цвет лица? Обратите внимание на тональные увлажняющие средства. Чтобы эффективно бороться с морщинками, увлажняющий крем должен содержать солнцезащитные фильтры.

### Как правильно

Независимо от типа кожи увлажняющее средство надо наносить на чуть влажную кожу – крем или эмульсия помогут удержать влагу в верхних слоях дермы. Так нужный эффект сохранится дольше. Очистив и тонизировав кожу, слегка побрызгайте ее водой. Промокните влагу салфеткой, а затем точечными движениями нанесите на лицо немного увлажняющего крема и равномерно распределите, не втирая.

Обладательницам жирной кожи достаточно совершать такую манипуляцию раз в день. Если кожа сухая, увлажнять ее придется чаще, по мере необходимости. Особого внимания требует чувствительная область вокруг глаз. Вы заметили, что кожа здесь склонна к сухости? В таком случае подберите для нее отдельное увлажняющее средство.

## СОСТАВЛЯЮЩИЕ ХОРОШЕГО УВЛАЖНЯЮЩЕГО СРЕДСТВА

В состав увлажняющих средств обычно входят насыщенные жиры, глицерин, минеральные масла.

- Хорошим увлажняющим эффектом обладают такие вещества, как гиалуроновая кислота, растительные полисахариды (впитывают и удерживают большое количество влаги, но не вытягивают ее из кожи).
- Многие увлажняющие средства содержат натуральные масла или воски: масло жожоба, масло ши, персиковое масло, пчелиный воск (все они предотвращают обезвоживание и сухость кожи).
- Качество крема повышает присутствие витамина Е (антиоксидант) и минералов (питают кожу).
- Для снабжения кожи строительным материалом используют жирные кислоты (линолевую и линоленовую), полученные из растительных масел.



# Мороз и заяц

*Русская народная сказка*

Повстречались как-то в лесу Мороз и заяц.

Мороз расхвастался:

– Я самый сильный в лесу. Любого одолею, заморожу, в сосульку превращу.

– Не хвастай, Мороз, не одолеешь! – говорит заяц.

– Нет, одолею!

– Нет, не одолеешь! – стоит на своём заяц.

Спорили они, спорили, и надумал Мороз заморозить зайца. И говорит:

– Давай, заяц, об заклад биться, что я тебя одолею.

– Давай, – согласился заяц.

Принялся тут Мороз зайца морозить. Стужу-холод напустил, ледяным ветром закружил. А заяц во всю прыть бегать да скакать взялся. На бегу-то не холодно. Или катается по снегу да приговаривает:

– Зайцу тепло, зайцу жарко! Греет, горит солнышко ярко!

Уставать стал Мороз, думает: «До чего ж крепкий заяц!» А сам еще сильнее лютует, такого холода напустил, что кора на деревьях лопается, пни трещат. А зайцу все нипочем – то на гору бегом, то с горы кувырком, то чертогоном по лугу носится.

Совсем из сил Мороз выбился, а заяц и не думает замерзать.

Отступился Мороз от зайца:

– Разве тебя, косой, заморозишь – ловок да прыток ты больно!

Подарил Мороз зайцу белую шубку.

С той поры все зайцы зимой ходят в белых шубках.



# МочIохъ хIор

Хундерил тIалъиялда, ралъдал гъумералдаса 1600 метраялъул борхалъуда, буго гIажаибго берцинаб тIабигIияб памятник – МочIохъ хIор. Гьеб лъугьиналъе гIиллалъунги буго гьадинаб лъугьабахъин. ЦIадал гIемераб 1963 соналъ, рагьлил кутакалъ, ччукIун бачIуна мегIер. Гьеб ччукIулеб букIана чIечIого микьго сордо къоялъ. Цо сордо-къоялда жаниб 250 метраялъ цебеги бачIун, гьеб чIола МочIохълъаралъул гъваридаб ва чIедераб гIурумухъда цебе. Гьениб лъугьуна 40 метр борхалъиялъул тIабигIияб плотина. Гьеб киналъулго хIасилалда мугIрузда лъугьана бицун бажарулареб берцинлъиялъул хIор.

ХIор цIола гIазу-цIер биун, цIадал ран, иццал ва гIисинал лъарал чваххун лъугьараб лъеца. ГIезегIан цIорораб лъим букIуна гьениб. Ригьдала тIасияб гьат 25 градусалде бахун хинлъула. Гьеб заманаялъ гьениб чвердезе, катамаранazда, катеразда, гIисинал русбузда рекIине бегьула. Хасел цIорораб бугони, МочIохъ хIор кIудияб хъештIероялдеги сверула – туристазулги районалъул гIадамазулги хIухьбахъизе рачIине бищун бокьулеб бакIлъунги лъугьуна. Гьенир тIоритIула туристазул слетал, экскурсиял ва цойгидалги тадбирал.

МочIохъ хIор сверун ккун буго цоялдаса цояб берцинал мугIрулщобаз – бакътIерхьул рахъалдасан ГIечIендерил бал, бакъбаккул рахъалдасан ТIанусдерил бал. ТIанусдерил балалъун бищун борхатаб тIогь ИчIгохI (2,2 км) ккана гьеб хIор лъугьиналъе гIайибияблъунги.

ХIориниб буго чанго батIияб ччугIил тайпа - толстолобик, белый амур, сазан, карп... Свера-хъверун руго гIемерал рухIчIаголъаби, гIалхул хIайванал, хIанчIи, гъветI-хер – гьезда гьоркьор БагIараб тIехьалде росаралги лъугьана. Амма хIор чороклъизабиялъги, браконьеразги гIезегIан зарал гьабуна гьезие: тIагIана форель, дагьлъана цо-цо ччугIил тайпа.

МочIохъ росдал гIадамазе бокьун гьечIо гьединаб берцинаб тIабигIияб сайгъаталдаса ратIалъизе. ХIор цIунулеб буго. Законалъ гьукъун буго чан гьабиги, цадахъго гIемераб ччугIа кквейги, хIорил рагIалда минаби райги… Жавабчилъи гьечIел туристаздаса хадуб, МочIохъ росдал школалъул цIалдохъабаз ва учительзабаз, субботникалги гьарун, бакIарула хIорида сверухълъи. Гьезухъа тIубан бажарулареб, кIудияб масъалаги буго гьениб: хIорил плотина гъункизабичIонани, лъеца чурун, тIеренлъун, тIун гьебги ун, росу гъанкъизе бугеб хIинкъи. Божизе бокьун буго пачалихъалъ гьеб проблемаялде кIвар кьелин ва нилъер наслабаздаги гьеб берцинлъи бихьилилан.

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**



# Эбелалъул ва учителалъул хӀакъалъулъ...



Радал гӀуж. КӀиго бетӀералъул кӀудияб мегӀер Шунудагъалда нахъасан баккулеб бакъул чӀораздаго цадахъ канлъиги хинлъиги тӀибитӀулеб буго сверухъго ва гьелъ чӀаголъизабулеб буго сардил квачалдаса борчӀараб тӀабигӀат. Эбелалъ лъимер гӀадин беэдулеб ва хинлъизабулеб буго бакъалъ ракь. Гьединан жакъаги гвангъулебги цӀилъулебги буго гӀумру.

Ракьалда гӀумрудул, рокьул, хинлъиялъул ва канлъиялъул къинги свинги гьечӀеб иццлъун, аслулъун йикӀуна эбел. Дир эбел ХӀажиева Шипа АбутӀалибовнаги бакъалда рельълъарай хинайги гвангъарайги йиго, гьелъ ракьалда рекьула канлъулги, лъикӀлъиялъулги, гӀаданлъиялъулги, гӀакълуялъулги мугьал.

Эбел - Учитель, гьей гьаюна Кули районалъул Цыйша росулъ, КӀудияб ВатӀанияб рагъ байбихьун кӀиго моцӀидасан. Рохел дагьаб букӀана гьелъул лъимерлъи: рагъ, къварилъаби, камиял, бесдал эбелалъухъе ккей. ГӀумрудул киналго къварилъаби гьелда гьитӀинго лъана, амма ракӀ согӀлъичӀо, гӀаданлъи биличӀо.

Гьей йикӀана росулъ тӀоцебе тӀадегӀанаб лъай щварай чӀужугӀадан. 58 соналъ хӀалтӀана тӀаде гӀолеб гӀелалъе тарбия-лъайги кьолаго. Гьей ккола ДРялъул мустахӀикъай учитель, гӀагараб росдал школалда гӀурус мацӀ ва литература малъулей мугӀалим. РакӀбацӀцӀадаб захӀматалъухъ Шипа АбутӀалибовнаялъе щвана гӀемерал шапакъаталги баркалабиги.

Гьелъиейин абуни бищунго кӀудияб шапакъатлъун буго цӀалдохъабазулги, гьезул умумузулги, росуцоязулги хӀурмат ва рокьи. ГӀемерал цӀалдохъабазе гьей йикӀана гӀумруялъул мисаллъун, дагьал гьечӀо гӀумруялъе гьелъул пиша тӀаса бищаралги. КӀудияб хӀурмат гьабула гьелъул росулъ чӀахӀиязги гӀисиназги. РачӀуна лъалареб гьикъизеги, ургъел бикьизеги, пикру дандбазеги. Киназдаго лъала гьелъ сундуениги инкар гьабулареблъи, киназего кумекалъе хӀадурай йикӀин.

Эбелалъ гӀумру кьуна ниж микьгоял лъималазеги. Гьелъие щвана кӀиабилеб даражаялъул «Материнская слава» орденги.

... ЦӀидасан зварзвадила гӀагараб рукъалъул хъахӀилал цӀулал кавабазда цӀумур ва, гьитӀинаб мехалда гӀадин, гордухъеги рекерун ниж рохун ахӀдела: «Эбел школалдаса ячӀана!», - йилан. РакӀалдасаго унареб гьеб сурат жеги-жеги цебеса унаро. КъамартӀго ва гӀадаталда ретӀа-къарай, квалакь гохӀ тетрадазул ккурай гьей кидаго цее тӀамула. Гьурмада свакги загьирлъулароан гьелъул, беразулъги бихьулаан гӀицӀго хинлъиги рокьиги.

Учителасул хӀалтӀи ахирисеб цӀумур кьабидалги лъугӀуларо. Нижее гьитӀинаб мехалда бокьулаан эбелалъ тетрадазулгун гьабулеб хӀалтӀи бихьизе. Гьениб хъвай-хъвагӀай букӀунаан битӀарабги берцинабги, батӀайиса букӀине рес толароан эбелалъ, гьелъул жиндиргоги букӀана накъищ хъвараб гӀадинаб хатӀ ва кигӀан соназ хӀалтӀаниги хисизеги хисичӀо. Гьелъульги бихьулаан эбелалъул хӀалтӀудехун бугеб рокьи, учителасул ишалъул гьелъ гьабулеб къимат. Жиндирго иш бокьулев чияс гьеб кидаго берцинго гьабула.

ХӀакъикъияв учитель воххула щивав цӀалдохъабасул лъикӀал хӀасилал рихьидал ва гьезул гьитӀинабниги гъалатӀ рекӀелъанги биччала. Гьедин букӀунаан эбелалъулги, тетрадазул хал гьабулелъул. Гьелъул гьурмахъ балагьунго лъалаан лъица хӀалтӀи кин гьабун бугебали. Гьелъ берал цин гӀатӀидго рагьулаан, цин кьунсрул гӀодоре риччалаан ва гьединал суратаз бицунаан учителалъул рекӀел хӀалалъулги. Тетрадазда

тIад хIалтIулеб мехалъ гьелъие квалквал лъицаниги гьабулароан. Нижеда лъалеб букIана эбел – Учитель йигейлъи ва хIалтIулей йикIин.

Эбелалъул баракаталдалъун бижана нижелъги гIагараб ва гIурус литературалде рокьи. Гьелъ ниж жеги гьитIинго ругьун гьаруна рагIул къимат гьабизе, гьеб батизе. Гьединлъидал нижее гьитIинаб къоялдаса тIехь букIана гьалмагълъун. Ниж хIайранлъулаан Пушкинил, Лермантовасул, Пабло Нерудал, Низамил, Фирдоусил асарал цIалун, рекIелъе биччан цIалулаан Бестужев - Марлинскиясул къиссабиги, Полежаевасул поэмабиги.

РакIалда буго, вацгун цадахъ хасалил сардаз эбелалда ниж гьардолел рукIараб куц щиб букIаниги жо цIалеян. Нижехъаго цIализе бажарулеб бугониги, гьелъ цIаларараб мехалъ гIадаб асар гьабулароан нижее.

Нижее гуребги, киналго цIалдахъабазеги бокьулаан эбелалъ малъулеб дарс, роххулаан цогидал дарсал хисун гьелъулалде ккараб мехалъги.

Цо нухалда эбелалъ М. Лермонтовасул «Беглец» абураб поэма цIалулелъул рагIарал «Чанидаса хехго векерулев вукIана Гьарун…» абурал рагIаби нижер лъимадулаб бичIчIиялъ къабул гьаруна гIумруялъул дарс гIадин.

Эбелалъ гьеб цIалун бахъиндал вацас, цодагьалъ сихIкъотIунги чIун, чIахIа гьарун бералгун гьелъухъги валагьун, гьикъана: «Эбел, гьединаб жогийищ букIунеб? Щай эбелалъ жиндирго вас Гьарун рокъове виччачIев?» - абун. Эбелалъ жаваб кьуна: «Щайгурелъулха дир вас, гьев хIинкъидал, кьалул майданалдаса лъутидал, гьес гIагаралги, гьалмагъзабиги, ВатIанги цIуничIого тедал» - абун.

Эбелалъ пайда гьечIел малъарияв гьарулароан, гьезул хIажалъиги букIинчIо, гьелъ мисалалдалъун бихьизабулеб букIана. ХIалтIудехунги ва гьединго цIалдохъабаздехунги гьелъул бугеб тIалабалъ ва балагьиялъ бицунаан кин гьабизе кколебали. Гьелъул мисалин абуни букIана къойилго берда цебе.

КигIан гIемераб хIалтIиха букIараб эбелалде бегун! КIиго сменаялъ школалда, рокъосеб кинабго хIалтIи ва микьго лъимер. Гьезул щивасе батизе кколаан заман. Кинха цогидазда малъилеб жиндиралго мисалияллъун гьечIони? Росулъ учитель - гьев гIицIго учитель кколаро, гьев вукIине кколa росдаего киналъулъго мисаллъун: рокъов–къватIивги, хIалтIи–ишалъулъги. Гьесул гъалатI букIине бегьуларо сундулъго. Абула анцIго - анцIила щуго соналдасан педагогасул къуват чучлъулин, хIалтIизе гьезул гъира дагьлъулин ва захIматалъул рахъ нахъе кколин.

Гьел рагIаби нижер эбелалде данде ккеларо. Гьей йиго батIияй, хассай. Гурелани гьелъухъе школлъимал, 50 соналъ церего гIадин, гьанжеги цIаларoан, гьелъул дарсазда киналго гьираялда гIахьаллъиларoан, гIурус мацI малъиялъул рахъалъ кумек гьелъухъа щвезе бокьиларoан.

Чан лъимадул анищ ккараб педагогаллъун рахъине, эбелалъул мисалалда! Чанасул лъукъараб ракIалъе гьелъул хIеренаб рагIиялъги кумек гьабураб!



… Цо гIакъиласда гьикъун буго, щиб жо кколеб гIелму, - йилан. Гьесги жаваб гьабун буго: гьеб буго гIадамал лъай, - илан. Гьесдаго гьикъун буго: щиб жо гIадамазул лъикIаб гIамал? Гьес жаваб кьун буго: гьеб буго гIадамал рокьи, - йилан. Учителасулъ гIелмуги гIадамал рокьиги букIине ккола цIалдохъаби рокьиялъулъ ва гьезул щивасдехун нух батизе бажариялъулъ. Дир эбелалда батула лъималазул рекIелъе нух, гьелда лъала гьеб кIул балагьизеги. ЦIалдохъаби гьелда божула, гьезие гьей йокьула, гьезда лъала учительницаялъ жал цIунулеллъи, лъикIаб малъулеблъи, битIараб рагIи абулеблъи.

Балъголъи сундулъха бугеб? Балъголъи буго гьелъие цIалдохъабиги жиндирго лъималго гIадин рокьиялъулъ, гьезие къуватги жанги кьезе хIадурай йикIиналъулъ. Гьединаб хинлъи лъималаздаги гIумруялъ кIочонаро.

Гьале дагьалъ цебе, гьелъул 30 соналъ цеве вукIарав цIалдохъанас абуна: «Шипа АбутIалибовна, ракIалда бугищ, дир хIатIида ругъун лъураб къоялъ дуца дун мугъзада рокъове ваччун вукIараб куц. Доб къоялъ дие бокьун букIана гьеб нух лъугIунгутIизе. Лъалищ щаяли? Дирго хварай эбелалъ ваччун вугеб гIадаб асар букIана дир, гьелъул хинлъи чIвалеб бугин, хIеренлъи рагIулеб бугин кколеб букIана. Гьединаб рокьигун ва тIалабгун ваччун вукIана дуца дун, каламги букIана эбелалъул гIадинаб хIеренаб. РакIалда буго доб къоялъ дир унти къотIараб куц… Баркала дуе хIеренлъиялъухъ, тIалабалъухъ ва эбелалъулаб рокьиялъухъ. Баркала, гIумруялде рекIелъ бижизабураб божиялъухъ!»

**Тигрина ХIАЖИЕВА**

МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ

# Будус



ТIомуразул руччаби кидаго рукIана гIодоре риччарал, хасият берцинал, гIамал рекъарал, цо-цо хъизаналъул бетIерлъи тIаде босулелги камичIониги. БукIуна цо мутIигI гьабизе захIматаб руччабазул тайпа-тухум. Гьеле гьеб тайпа йикIана Будусги…

- Щийилая???

- Будус… Нилъер ТIомурдаса йикIинчIо дой, дой йикIана кьаналай. Дозул киналго додинал рукIунилан абулеб жо гуро. Дой дояса йикIанилан абулеб буго (*Кьанада – Анкьракьалъул цо жамагIат, ЛъаратIа районалъул тIасияб мухъалде гъорлъе унеб, ТIомуразул бищунго гIагардисел мадугьалзаби*). Гьей Будусица кьечIеб гIакъуба течIо пакъир росасеги. ГIорхъолъа борчIараб гIамал-хасияталде тIадеги, гьей щайтIабигун рекъарай йикIаниланги бицунаан. Гьел рачIунел рукIун руго гьелъие кумекалъе, лъие бугониги тамихI гьабизе къваригIараб мехалъ, - ин абуна ункъгIалалъ.

- ГIажаиблъи гьабизе ккараб жо гьечIо гьениб, - илан велъана дун, - сундул бицине лъугьаниги, дур щайтIаби рачIуна къватIире кIанцIун. Дида рагIун букIана гьей Будусил бицунеб. ЦIар рагIун букIана. Сардилъ гьабихъе иналъул, росасе кьолеб букIараб гIакъубаялъул гIиси-бикъинаб жо рагIун букIана. Амма, рагIа-ракьанде щун, мухIканго щибго лъаларо.

Гьанже дица нужее бицина ункъгIалалъ бицараб.

«Дир мунагьал чураяй кIудаэбелалъ бицунаан гьей щайтIабигун рекъарай чIужу йикIанилан. ГIадамаздаги бихьулеб букIун буго гIемераб, жалго хадур гъолареб рагъа-рачари гьелъул рукIа-рахьиналъулъ. Кидаго щайтIабазулгун хурхен гьечIониги, бажарулеб букIун буго гьелъухъа гIадатияв чиясухъа бажаруларeб. ГIадамаз абулаан сардилъ яхъун Гъоркьноб росулъа Кьанаде щвезегIан гьелъухъа ун бажарулаанилан. Гьел росабазда гьоркьоб бугеб I5-20 километраялъулгIан манзилалъул гьелъие кIварго букIун гьечIо. Рии букIа, хасел букIа, хIинкъарал сухъмахъ нухаздасан унeй йикIун йиго гьей щобал регун, кIкIалал рахун жийго. Цогидай чIужугIаданалъухъа бажарулеб жо гьеб букIинчIо.

КIодоэбелалъ абулаан жиндир эбелалда лъалаанила Будус, гьудул-гьалмагълъицин букIанилан. Гьелъ гьикъун буго Будусида:

- Будус, кингIаги дуда гьел хIинкъарал нухаздасан, бецIал рохьаздасан, бокьараб щобда нахъа циялде яги бацIалде тIаде ккезе ресги букIаго, хьвадизе кIолеб? Кидаго сардилъ уна мун гьенисан. ЦиялбацIазулни щиб букIаниги ккела, щайтIабакьагIаги хIинкъуларищ мун? – илан.

Будус кIариялда елъун йиго:

- Сордоги щайтIабиги гурищ дир сапаралъул гьудулзаби? Кьанаде унаго, къад гьел рукIунаро, гьединлъидал дие маркIачIул бер рукIкIингун бокьула нухда яхъине. Циялгунги дун цо нухалъ гуро дандчIварай, гьезие бокьуларо диргун гьоркьоблъи хвезабизе. Дун йихьигун ци берцинго жидерго рукIнибе уна яги гъутIбузда нахъе тIерхьуна. ЩайтIабазулгунин абуни батIи-батIиял лъугьа-бахъинал ккола.

Цо нухалъ рукIкIунеб мехалъ яхъана дун рокъоса къватIие, Кьанадейилан. РетIа-къанги йикIана берцинго: звангъиялда рачлихъ бан гIарцул рачелги, тIасан бухьун гормендоги, цо халатаб гьечIеб кварица рачлихъ бухьун хъандироги. ТIадюссуда бачазе хер бецизейилан босана гьебги цадахъ.

Гьеб букIана хаслихълъи байбихьулеб заман. МоцIрол канлъиялъ сверухълъиго къалъизабураб квачараб сордо. МагIарухъ сентябралдаго загьирлъула тIаде щолеб бугеб хасалил гIаламатал.

Кьанадисезул кьодеги щун, рохьил рацIцIалъудехун сверулаго, дир гIинда чIвана тIадбан унеб бертадул гьаракь. Зурма-къали, кечI-бакъан, гьищтIинаку, кеп-гIоркь буго киса-кибго рагIулеб. Амма чIагояб рухI гьечIо бихьулеб бакIалда. ГьебсагIат дида бичIчIана дун щайтIабаз махсароде кколей йикIин. Чанги бихьараб жо букIана. РацIцIалъиялъул бакьулъе щолаго, чIезего кIвечIого, зурма-къолол гьаракьида гъоркь дица цо свери бахъана. ГIив-гIавги гьищтIиги, цIикIкIун гурони, дагьлъулеб букIинчIо. Цойги свери дица босарабго, цо берцинав хъахIаб чухъаги ретIарав чи вахъана дида данде кьурдизе. Циндаго гьеб кьурдул накуялда гъоркь, чIван хьатгун, жундуз цадахъ кечI ахIизе байбихьана:

*Ракьчухъ бугеб кIатI-кIатI бахъи,*
*Гьайбатай, гьайбатай...*
*ГIарцул мача,*
*Чараб гурма дуа рокъолу боъла,*
*Ад бухьараб рохьен бичи,*
*Жаб дуй бегьу болару.*
*Ракьчухъ бугаб кIатI-кIатI бахъи,*
*Гьайбатай, гьайбатай, гьайбатай...*

КочIол гьаракь киса-кибго тIибитIана ва дандерижиялъ, сверун ругел кьурабаздаги парсаздаги тункун, тIадбуссун босун бачIунеб букIана кьурдулей дихъе.

Гьедин щайтIабазул сухIматалда кьурдилей йикIуна Будус. ЩайтIабазул гIолохъабаз гьей сверудасаго йиччалей йикIунаро. Рачлихъ бараб квар цIацIалеб букIана, жидее ячIаян, кьурдизаюн толей йикIунаро. ЩайтIаби сверун цIакъго гIемерлъидал, Будусица гьезие хIинкъи кьола ва гьел нахъе къала…»

Гьелъ хIинкъи кьунилан абурабго дие дагьабги кеп щвана. УнкъгIалги гьоркьой къотIизаюн гьикъана:

- СухIмат щайтIабазул бугеб мехалда Будусица гьел кин хIинкъизарулел?

- Дуда кочIол магIнагIаги бичIчIанищ? Гьениб бичIчIулеб буго гури щайтIаби гьелъукьа хIинкъулел рукIин, - илан абуна гьелъ, - Дой кьурдизе лъугьингунлъидал доз кечI ахIизе байбихьараб.

БолмацIалде сверизабуни гьеб кочIолъ руго гьадинал рагIаби:

*Рачлихъ бухьараб жо биче,*
*Бецинай, берцинай!*
*ГIарцул тIагъур, чараб гурма (горменду)*
*Дуда цIакъ рекъон буго,*
*Рачлихъ бугеб маххул кесек (хъандиро)*
*Гьеб дуда рекъон гьечIо.*
*Рачлихъ бухьараб жо биче,*
*Берцинай, берцинай!*

Гьелеха кинабго кочIол магIна. «Берцинай» такрар гьабулеб буго чанцIулго кечI берцинлъизе. Сунгьа хIинкъунха щайтIаби рукIарал? Дол хIинкъун рукIана рачлихъан баккараб хъандироялъукьа. МагIарухъ абула щайтIаби-жундул кинабго маххул гьабураб жоялдаса хIинкъулилан.

- Дуда ракIалда бугищ, гьитIинав мун, чахъабазда хадув яги щибниги гьабизе къаси мехалъ къватIиве унаго, кIудаэбелалъ чвантиниб нус лъолаан, хъубал жалаз зарал гьабичIого букIинейилан.

Гьеле гьедин хьвадулаан Будус, рии хасел батIалъи гьечIого, аслияб къагIидаялъ сардилъ, Кьанаде нахъе.

- Кин гьей росасда йигей гIаданалъул гьедин хьвадизе рес букIараб? Росас щибго абуларищ гьелда, йиччан толарищ? – илан жувана дун цойги нухалъ харбилъе.

Сабруялда бицине лъугьана ункъгIал:

«ВачIинахъего гьелъ кверде восун вуго гьев. Цо нухалъ росас юхун йиго Будус, щайила дир изну гьечIого мун, сардилъ яхъун, араб бакI лъачIого унейилан. Будусица жаваб кьун буго: «Дир гьудулзаби-щайтIаби тIаса лъугьине гьечIо дудаса!» - йилан. Росас гIинго тIамун гьечIо гьелъул рагIабазухъ.

Цо нухалъ тIубараб сордоялъ гьабихъ ханжу ххунев хутIула гьав. Сордо бащалъараб мехалъ гьабихъеги ячIун Будусица кIудияб гамачI къазабула гьабихъе лъим бачIунеб кIудияб цIулал рогIорoялъул кIалтIа ва хъархъазулъ яхчун чIола. Лъимги гIечIого гьобо чIола. Канги бакун рос вахъуна къватIиве лъел рогIразул хал-щал гьабизе, щибниги жо гьениб къан бугодаян. Гьеб мехалъ гьесда тIаде базе байбихьула гамачI, чабах, ракь – гьалъухъе кодобе щванщинаб.

Рос, хIинкъиялъ, гьабихъе кIанцIула ва рогьинегIан тIокIав къватIиве ваккуларо. Радал гьас Будусида бицуна, киса ва лъица барабали лъачIого, гьасде тIаде банщинаб ганчIил ва гьарула цебе ккаралдаса тIаса лъугьаян. Гьелдаса нахъе рос гьалъие мукIурав лъугьуна ва Будус квал-квал гьечIого хьвадула сардилъ, цояз бицухъе - щайтIабазухъе, цогидаз - … лъаларо киеяли, унеи йикIун йигоха.

Цойги бицуна, гьей гIезегIан берцинай гIадан йикIанилан. ГьелъулрукIун руго чIахIиял, цIахIилал, берцинал берал. Амма щайтIабазул бицунаго гьелъул беразул кьер ва гьаракь хисулеб букIун буго.

Лъимал гьезул рукIунаро. Будусица рос цохIо щайтIабаздалъун гурев, дун ячине хIадурал чангиял ругиланги хIинкъизавулев вукIун вуго. КечIгицин буго, Будусил кечIилан, гьелъ дагьавги лъикIав щвезегIан йиго дун дуда аскIойилан рагьун абулеб ва гьев гIодовегIан гьавулеб. Гьединал жалазе гIоло магIарухъ чIужугIадан чIвазе рес букIана, амма Будус чIвазе лъидаго кIвечIо. Гьелъ жиндирго лъиего мукIурлъулареб, гIорхъолъа араб гIамалалъ кьан бана гIадатаздаги, гIадамазул харбидаги.

ГIенекке гьелъул росасде гьабураб кечIалъухъ:

*Дун мун вакьу толу егьрайги гуру,*
*Вакьанав щвезигIан лъураб магьари.*
*Чатамануб энкел, мун чадад чIваяб,*
*Чам къоялъ балана, экъаб жинсалъа?*
*БолмацIалде мацIалде буссинабуни:*
*Дун мун вокьунилан ячIарай гуро,*
*Вокьарав щвезегIан лъураб магьари,*
*ТIокъоде реххараб хIамил тIенкел, мун,*
*Чан къоялъ бихьилеб сурараб гьеб куц?*

ТIомуразул сверелалда гIадин пасихIго бачIунеб гьечIо, магIна гIага-шагарго гьадинаб букIана кочIол.

Бицуна, жеги хъахIлъи баледде яхъун ун йиго Будус росдада нахъе хер бецулеб бакIалде. ТIаса бахъун кинабниги ретIелгун, биччан тун расгун екерула радал рецаризе рачIунел руччабазде данде. Руччаби хIинкъун тIурула рокъоре ва жидедаго цебе тIамураб жоялъул бицуна. ТIубараб росуго бахъун рилълъуна гьеб бакIалде. Гор гьабун бецун сверухълъигун, жиндирго гIорхъабиги чIезарун, бищун лъикIаб бакIги ккун ятула Будус, цогидаз бецилаpедухъ. Дуда гьаний толохIочорай гIадан йихьанищилан цIехедал, гьелъ гIодоеги йиччан жаваб кьола: «гьей гьабсагIат гьаниса ана, ТIалхIатил чIужу йикIана», - йилан.

- Кинав ТIалхIатил? – илан гьикъула гьелда.

- Нилъер ТIалхIат гуро, дозулав. ЩайтIабазул хан вуго дов. Радал гьаний гIицIтолохIучго екерахъдилейги гьесул чIужу йикIана. Гьей дир гьудул йиго, - ян Будус хер бецизе лъугьуна.

… Гьей Будусил хIакъалъулъ гIадамаз гIемер бицунаан. Амма гьанже дида ракIалда гьечIо кигIан заманаялъ гьей гъоркьносесда росасда йикIараялиги, ахиралда щиб гьелъул ккарабалиги», - ян лъугIизабуна ункъгIалалъ хабар.

# Дагъистан чIухIарал магIарул ясал

Рашидат Шахрудиновна гьаюна ГIахьвахъ районалъул КIаратIа росулъ. I975 соналъ, Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб институталъул филологияб факультетги лъугIизабун, гIагараб росдал школалде хIалтIизе тIадюссана. I983 соналъ ДГПУялъул филлологияб факультеталда гIурус мацIалъул кафедраялда хIалтIизе лъугьана. I990 соналъ Рашидат Шахрудиновна филологиял гIеламбазул кандидатлъун яхъана. 200I соналлаcа нахъе гьелъ нухмалъи гьабулеб буго ДГПУялъул гIурус мацIалъул кафедраялъе.

Москваялда РАНалъул языкознаниялъул институталда «Авар ва гIанди мацIазул гьоркьорлъаби» гIелмияб докторлъиялъул диссертацияги цIунун, 2006 соналъ Рашидат Шахрудиновна яхъана филологиял гIелмабазул докторлъун ва гьебго соналъ профессорилан кIудияб гIелмияб цIарги щвана.

ГIелмиялгун педагогикияб хIалтIул заманалда жаниб Рашидат Шахрудиновналъ Россиялда ва къватIисел пачалихъазда тIоритIулел гIемерал гIелмиял конференцияздагIахьаллъи гьабуна. Гьелъул нухмалъиялда гьоркь II соискатель гIелмияв кандидатлъун вахъана.



**Рашидат Шахрудиновна ХАЛИДОВА**

ЧIарада районалъул ЦIуриб росулъа гьунар тIокIал врачал - инфекционистал ТIалхIатова Асият Асильдаровна ва гьелъул эбел ХIабсат МухIамадовна лъаларев чиго ватиларо. Хасго гьаб пандемиялъул заманалда гьезул кумек гIемерав чиясе щвана. Асиятил гьеб бигьаябилан абизе бегьулареб хIалтIуда буго I4 соналъул хIалбихьи.

2005 соналъ Дагъистаналъул медицинаялъул академияги лъугIун, гьей кIиго соналъ Республикаялъул Инфекциялъулал унтабазул централъул интернатураялда цIалана.

2007 соналдаса жакъа къоялде щвезегIан Асият Асильдаровна хIалтIилей йиго Чарада районалъул больницаялда инфекциязул отделениялъул нухмалъулейлъун.

Гьений хIалтIулагоги ана Асият Асильдаровна махщел цIубазабиялъул курсазде МахIачхъалаялде, Грозныялде, Москваялде. Гьелъ гьоркьор толаро жиндиего пайдаялъун рукIине бегьулел гIелмиял тадбирал: конференциял, конгрессал, симпозиумал. Асият Асильдаровналъе кьуна «Дагъистаналъул мустахIикъай врач» абураб цIар ва гьей йиго тIадегIанаб категориялъул врач.



**Асият Асильдаровна ТIАЛХIАТОВА**

ГIахьвахъ районалъул ТIадмагъилъа Джамалудинова ГIайшат СалихIовналъ жиндирго хIалтIул нух гьелъ байбихьана Герзел росдал школалда байбихьул классазул учительлъун. I983 соналдаса нахъе къогогIан соналъ Хасавюрталъул педагогикияб колледжалда рукIинесел учительзабазда педагогика ва психология малъана гьелъ. Жиндица гьабулеб хIалтIуде бугеб рокьиялъги, цебе лъураб масъала тIубачIого гIодое йиччалареб гIамалалъги, гIадамал ричIчIулей, кумекалъе хIадурай йикIиналъги гьей цадахъ хIалтIулезе ва студентазе цIакъ йикьулаан.

20I4 соналъ ГIайшат СалихIовна, Дагъистаналъул лъайкьеялъул министерствоялъул отделалъул начальниклъун, жавабчилъи кIудияб хIалтIуде тIамуна. Гьенибги бихьана тIадчагIазда сабурай цIодорай магIарулалъул хIалтIул хIасил.

ЛъикIай эбел ва мисалияй чIужугIадан ГIайшат СалихIовна мустахIикълъана Дагъистаналъул лъайкьеялъул отличник, Дагъистаналъул мустахIикъай учитель, Россиялъул гьоркьохъеб ва профессионалияб лъайкьеялъул хIурматияй хIалтIухъан цIаразе ва шапакъатазе.



**ГIайшат СалихIовна ДЖАМАЛУДИНОВА**

*Ниж чIухIула нужедаса!*



Шапиг**І** ХЪАЗИЕВ

# Пианино

Гьаб соналъ нилъедаса ватІалъана гІорхъи гьечІеб гьунаралъул инсан ШапигІ Хъазиев – хъвадарухъан, шагІир, драматург, тарихчи, жамгІияв хІаракатчи. Гьесул тІахьаздасан ва сценарияздасан фильмал рахъана централиял киностудияздა. Москваялъул ва Дагъистаналъул театраз лъуна гьесул 30-гІанасеб спектакль. «ЖЗЛ» сериялда бахъараб гьесул «Шамил-имам» абураб тІехь тІатІала буссун щуго нухалъ бахъизе ккана. ЦІакъ машгъураблъун лъугьана гьесул улкаялъул гІемерал театраз лъураб «Малла-Насрудинил меседил хІама» абураб пьеса. Халкъалъ лъикІ къабул гьабуна «Апараглъиялъул кьерал» абун суратал рахъулев чи Халилбек Мусаевасул хІакъалъулъ хъвараб гьесул романги. ШапигІ МухІамадович Хъазиев ракІалде щвеялъе нижеца гьаб номералда бахъулеб буго гьесул «Пианино» абураб хабар.

Нижер росу буго Хунзахъ хъалаялдаса гІемер рикІкІад гьечІеб бакІалда. Цебе дир росуцоял Хунзахъе лъелго хьвадулаан ва хъвалсан, ракІго щоларого ралагьулаан сабуралда автобусалъухъ балагьун чІарал квахІалазухъ. Гьанжейин абуни, гьелъул гІаксалда, гьел къанагІатал лъелго хьвадулезухъ балагьула ракІго щоларого.

Дица бицинехьин бугеб къоялъул радал, дир кІудада Хунзахъе лъелго ана. АскІосан унел машинабазда ругел гІадамал гьесухъ ралагьулел рукІана хІайранлъун. КІудада живго гуро унев лъелго вукІарав, гьес церекъотІун Хунзахъбазаралде рачунел рукІана чахъаби. Гьесул ричизе ругел гІиял рукІана цІакъ тІадегІанаб даражаялъул ва нухлул гІемерисеб бутІа машинабаз хІинцго унеб рехъеналъе толеб букІана. КІудадал сапар халатаб букІинчІо. ХІакъикъаталдаги Хунзахъ бакІ букІана квер битІун щолебгІанги гІагарда. КІудада базаралде щвараб мехалъ, гьесухъ сабру хун ралагьун ратана гІадамазул кІудияб къукъа. ХІакъикъаталдаги гІиял росизе ракІалда бугел, кинабдай босилаян ургъун рахъиналде, босизе ракІалдаго гьечІел, даран гьабизе лъалелллъун жидецаго рикІкІунел чагІаз, цере кІанцІун, нахъе къазарулел ругоан. ГІиги босун, кепказдаса ватІалъизе ракІалдаго гьечІевгІан чи цІикІкІун къацандилев, чІегІераб кьуркьурарал лъурдузул чахъуялъул боxдузул ччобори шашликІазе лъикІаб букІунила, хъахІаб, лълъурдул ритІараб куйдул мегьедгун, хинкІаздасаян бетІер бекун чІезабулев вукІана.

Къец, хонжрол тІогь гІадин бегІерлъунги бачІун, хадуб лълъурдул гІадин кьуркьудулеб, гІодобе биччалеб ва цинтІаго нахъа даларал мохмохазул тІокІлъиялъул бициналде сверулеб букІана. ЦІидасан къец лълъурдузде свераpаб мехалъ, цебе кьурарал лълъурдул ругел куйдул лъикІал рукІунилан къацандилел рукІарал, гьанже гІаксалда, ритІарал лълъурдул ругезул гьан лъикІаб букІунилан дагІбадизе лъугьана ва гьелъул гІаксалдаги….

Щварал кепкалги газеталъул кескалда гъорлъ жемун, гьебги гІатІидаб галипатІаждал чвантиниб къазабун, кІудада рокъове ине къасдалда вукІана. Гьениб цинтІаго гьесул бер речІчІана аскІосан унеб къайи баччулеб машинаялда. Жибго машинаялда гуро, гьелъул цогидаздаса батІияб жо букІинчІо – гьелъул расаялда жаниб бугеб жоялда. Гьенир тІатІала ран ругел ящикІазда гьоркьосан чІухІун къватІибе баккун бугоан пианино. Гьеб букІана нухлул хІуралъ бацизабун, амма цо лъицаялиго квер хъвараб бакІалдасан гьеб ракІ тІаде цІаледухъ кенчІелебги бугоан.

Нужеда ракІалде ккоге, дир кІудада консерваториялда цІалулев вукІун ватилилан. Гьесда къали чІвазецин цІакъ хашго гурони лъаларoан. МагІарулал гьаракь бахъунеб щинаб жоялда бакънал рачине лъугьуна, бакІидасан байбихьун, хасс гьабун пунцІузеги гьабун жиндирго чехь чІваялде щвезегІан. Контрабас саксафоналдаса батІа бахъизе лъалеб гьечІониги, кІудада, бихьараб пианиноялда гІей гьабичІого, машинаялда хадув векерана. Гьев гьедигІан цІакъ, я тІурун унеб рехъада хадув, я, бацІил гьаракь рагІараб мехалъ, нахъа хутІараб чахъдада хадув векеричІо. КІудада векерулев вукІана цІалаца гІадин «ЧІегІераб», «КенчІолеб», «Пианино» - ян абурал рагІабаз жиндирго мачІчІабиги рацІулаго. Гьев машинаялда хадув векерулев вукІаго, бицинин щаялиги. Гьелъие гІайибияв вукІана дун.

Пианино дида рихараб букІана. ТІоцебе, босани, дида бичІчІулеб букІинчІо гьелъулги фортепианоялъулги батІалъи. БатІалъи бугеб

батани, фортепиано бачунев чиясда пианистилан щайха абулеб? КIиабизе… Цо лъикIабин абизе дида кIолареб къоялъ эмен хъулухъалдаса вачIана цIиял, тIадегIанаб даражаялъул гъеждакIичIалги щун. Подполковникасул гIумруялъулъ рукIине бегьулел тIокIлъабиги цере чIезарун, гьев цIакъ рази-ракиго вукIана ва гьес хIукму гьабуна гьеб лъугьа-бахъин батIаго, ракIалда чIоледухъ, тIобитIизе. Конякалъул ящикги, мандолинаги, аваданал гьудулзабиги гьесда гIей гьечIеллъун рихьана. Къасиялдехун гьалбалги тIоритIун, гьес хIеренго дир гIин кьурана ва рагIи кьуна: «Дица дуе пианино босила!»-ян. Нахъисеб къоялъго жиндирго рагIи гIумруялде бахъинабизе лъугьана: дихъе кьуна чIегIераб бакънал рачунеб гъутухъ, «Сольфеджио» ва бакIлъи гIураб «Фортепиано бачине ругьун гьаби».

Байбихьуда дун, мухъилав солдат вукIарав чиясе подполковниклъи кьураб гIадин, воххана. КватIичIого цIакъ рекIекълъизеги рекIекълъана. Щайин абуни, инсуца гурхIел гьечIого дир чвантиниса къватIире рана букIдул, ланг ва кIигIаркьел (рогатка), надалда гьитIинабго качуриги тун жиндирго квераз бетIерги къунцIун, кквââрарай музыкаялъул учителалъухъе щвезавуна.

Цо-кIиго моцIалъ дун вукIана тIадчIун сольфеджио лъазабулев ва дие мукIурлъизе бокьуларел килщал хIеренго нерваби хварал клавишаздаги кIетIезарун, гьездасан цо бакъаналда релълъараб жо бачIинабизе къеркьелев. Дица гьеб гьабулеб букIана щиб кколебали бихьизего гIадин, ва дун щибаб къойил офицерзабазул клубалъул подвалалъувеги нахъеги вачине кколев вукIарав кIудияв вацасе квешезего гIадин.

ЦIалиялъул лъабабилеб моцIалда инсуца рикIкIана дие гIунги тIокIаб теориялъул лъай щванилан ва хIакъикъаталдаги «Терек» абураб пианино босана. Гьанже щибаб сордоялъ хъудизе байбихьана «Терек». Гьебги, къанагIат гурони рагIаллъабаздаса къватIибе кIанцIулареб цIаргIахьал гIор Терекалдасаги, гIемерго гучалда. ТIабигIияб балагьалде свераराб ракIалдаго гьечIеб хъуди лъугьана жибго, гьеб жибго бачине лъангутIиялъ гуреб, ракIалдаго гьечIого гьеб пианино бачине инсул батараб бажариялъ. Цебе гьес хъвалаан гIицIго мандолина ва гьелда рачунаан гIицIго магIарул бакънал. Гьанже, дида бичIчIараб куцалъ, сардал-къоял тIатIала рачун, рачунел рукIана классикиял бакънал. РакIалдаго гьечIого фортепиано бачине батараб гьесул бажариялъул хIакъалъулъ гьалбадерица гьикъараб мехалъ, гьес кодоб кквезе гIоркь гуреб, гIодоб лъезе тIину гуреб, бичIчIулареб жаваб кьолаан. Цо-цо къанагIат, щим бахъун цебе кIанцIараб хIажат гьечIеб нота гIадин, кунчIун бачIунаан цебего кIочон тараб нота, ва гьелъ бахъинабулаан, асар гьабулеб, халат ккараб гьаракьалъул мухъ. Нотабазул хъарщиялда «до», «ре» ялдаса батIабахъизе лъаледухъ хъваян дир тIадчIараб гьариялъе жавабго гьабуларого вукIаниги, инсуца клавиатураялде тIаде жубана жиндирго мандолинаялъул репертуарги. Хасго шавкъалда гьес бачунаан «Хасбулат», гьелде тIадеги ахIизеги ахIулаан, хасго ригь арав чIухIарав магIарулас жиндирго хилиплъарай чIужуялъул бетIер къотIулеб трагическияб романсалъ асар гьабулел бакIазде кIварги кьун, гIенеккараздехунги вуссун, килщаз чIикь бачинецин заман батулаан.

букIана музыкалияб лъай босизе хьвади), гьелъ кIодоэбелалъе квал-квал гьабичIо дир бетIералда квер бахъизе ва хадуб тукадеги вачун дие «Мокко»-ян цIар бугел шоколадалъул конфетал росизе. Гьел конфетаздехун кIодоэбелалъул хасаб адаб букIана. Гьелда хIакъикъаталдаги кколаан, «Мокко» Макка шагьаралъул цIар хъвалаго мекъи ккараб рагIи бугилан. Квеш гьабураб таржама битIизабизе гIадин, гьелъул гьуинлъиялъ хIайран гьаюлаан гьей. «Цо нусго грамм кванани, хириял бакIазде щварай гIадин лъугьуна дун» - ан абулаан гьелъ.

ТIад руссинин кIудаинсухъе. Гьанже гьев вуго, рекIелъкквелцин гьечIого, культтоваразул тукадул азбаралда машинаялдаса къайи бахъизе кумек



гьабулев, ва дир дагьабго заман буго кIодоэбел ячIаралдаса хадуб щиб ккарабали бицине.

КIодоэбел кинабго жоялъухъ жиндирго пикру хIалтIизабун ялагьулей чIужу йиго. Гьелъул ракъвазе къеда речIчIарал ракул горалцин киназдаго ратIа рахъизе лъалаан ва сапаралъ вачIарав художникасе гьел цIакъ рекIее гIуна ва хадуб гьезул сураталги рахъун выставкагицин гьабуна. Гьединго кIодоэбелалъ магIарухъе тIад юссарайго, тIоцебе росдадаго дир бакънал рачине бугеб гьунаралъул ва чIегIераб, кенчIолеб, гьаркьагъунеб мебелалъул ва гьелда дица дирго гьунар бихьизабулеб куцалъул рагIизабуна.

Нужеда бичIчIун батила сундул бицинехъин дун вугевали. У, ле, кIудада дидаса гIорхъулъа ун чIухIун вукIана ва, дун риидалил каникулазда росулъе

вачIараб мехалъ дир бакънал рачине бугеб гьунар камиллъизе, пианино босизе хIукму гьабуна. Тукенчи, гIажаиблъи гьабун, вихxунккун вукIана кIудаинсуца гьеб хирияб алат босулеб букIиналда. Гьев кIудияв чиясул адаб гьабун гьес хIаракат бахъана гьев гьединаб бетIерсверараб галияллдаса вуссинавизецин.

- Дица гьеб пианино райкомалъул тIалабалда рекъон бачIинабураб буго. Школалъги гьарун букIана, - ян ургъана тукенчияс цойги гIилла, - гьеб буго цIакъго культурнай гIадамазул тIагIел.

- Дуца дида культура щибали малъуге, - ян жаваб кьуна кIудаинсуца, - дун лъукъун хадув Ленинградалъул госпиталалда вегун вукIарав чи вуго!

Бичунго иналда щаклъи бугеб къайи бичизе бокьуларев гIажаибав тукенчиги мутIигI гьавун, кIудаэмен, хважаин гIадин, пианиноялъухъ балагьана, цо бакI хъарсун букIин бихьизабуна, гьитIинабго кIулица бигьаго ричIулеб рахаялъухъ божилъиго гьечIого гIадин балагьана ва щаклъигун гьикъана чIваби рукIине кколедухъ цIазарун ругодайилан. Тукенчиясулги багьа гIодобе бачине пикруго ккечIелъул ва пианино къваригIаразул къадарги цIикIкIине байбихьидал, хIатта музыкаялда тIасан бахIсалги раккизе лъугьиндал, кIудаэмен разилъана гьеб алаталъухъ абураб багьа кьезе. Хаган хутIарал гIадамаз кIудияв чи сверун ккуна, гьес галипа-тIаждал чвантиниса бахъулеб газетаялъулъ жемараб жоялъухъ ва гьебсагIат гьелда жаниса къватIибе бахъараб, чахъаби ричун щвараб, гIарцухъ щаклъигун балагьана. Гьес гIарац рикIкIине байбихьараб мехалъ киназго «ВахI!» – илан ахIана. Гьез гьедигIан цIакъ гIажаиблъи гьабилароан кIудаинсуца Тоботлъарал чваххиялда тIад бугеб накIкIул парча яги гьелъул хъуй бичун босулеб букIарабаницин.

Гьениб кIудаинсул квер тIуркIана – гIарац пианино босизе гIолеб батичIо. Балагьараз, бигьалъи лъугьараб гIадин, хIухьел цIана: «КIудиявчи гIакъилавлъун хIалев вуго. Вехьасе пианино щибизе къваригIараб жо? Херас махсаро гьабулеб буго!» КIудаинсуда мутIигIлъун чIезе ракIалдецин ккечIо. Сверун ракIараразда гьоркьов щив вукIаниги гIагарав чи яги росуцоявгIаги ватизе хьул букIана. Гьес пикру гьабухъе ккана, амма тIубанго гуребха. Лъалев чи ватана, амма гьесухъ гIарац батичIо. Гьелъие нугIлъи гьабуна, гьес гIадамазул бутIрузда тIасан гьасухъе реххун бачIараб букIкI-букIкIараб лъабго гъурщил цохIо кагътаталъ. Лъалев чи ватана росулъа шофер, базаралде колхозалъул машинаги бачун жиндиего кепкал ралагьизе вачIарав чи. БукIаниги гьес хIинкъичIого ахIана.

- Босе, хIурматияв, нилъер росдаца культураялъул адаб гьабулеб куц киназдаго бихьизе биччан те! – ян. КIудаинсуца тукенчиясде, гIодове виччан чIа-ян бичIчIизабулеб, ишан гьабуна, шоферасде аскIобе нух бахъана ва гьесда щурун абуна:

- Дир кIодохъеги ун, гьелъухъа цо нусго гъурущ босун вачIа - ян, цо хIетIе гьаниб цояб росулъ, хадубго цун гьаниб, гьайда!

Шофёр халкъалъул руккалилъа къватIиве вахъана ва жиндирго адабалъе бугеб хIадурлъи, машинаялъул кIкIуйдул турпаялъул кьвагьулеб гIадаб гьаракь бахъиналдалъун, бихьизабуна.

Машинаялда хадув витIана - ян абуна кIудаинсуца нечарав чияс гIадин, гьединаб кIудияб тIагIел мугъзада баччизе кIвелищха - ян. ГIадамазул разияб хъуй бахъана. КIудада пианиноялъухъ дагьавги мухIканго валагьизе лъугьана.

- Куй босулев гурелъул вугев, - ан бичIчIизабуна гьес, божизе бегьулеб гIорхъи, гарантия бугищ?

- БукIинарищха! – ян жаваб кьуна гIажаиблъи гьабун тукенчияс.

- Бихье.

Тукенчияс хIажатаб кагъат балагьулеб бугебгIан заманаялъ, ралагьарал, гьадигIан кIудияб алаталъе гарантияго къваригIунебдай, бихьуларогойищ бугеб гьадингояб халам-балам гуреблъи - ян бахIсалда рукIаго, шофёр гIарацги щвечIого вачIана. КIодо рокъой ятичIо. КIудаэмен гьабилеб жо лъаларого хутIичIо. Махщелчи хIисабалда, шофёрасда фортепяноялъул педалал рекъон ругищали балагьеян тIадги къан, цодагьаб мехалъ пикрабазда вукIана. Шофёрас гъорлъе ваккун хал гьабун бахъун букIинчIо, кIудаинсуца гьесда кIодо кий ятулейяли бицунеб мехалъ.

Пианино босулев чиясул гьелъухъ кьезе гIарац гьечIилан пикруги гьабун, гIадамал нахъе ине лъугьана. Тукенчияс пикру батIайиса гьабуна:

- ТIаса лъугьа, хIурматияв, - ян абуна гьес цоцим бахъинги бахчичIого, - дир диего бахIарай йищулаго инчIо гьедигIан гIемераб заман.

- БахIарай музыкалияб алат гуро – ян хIал хисичIого, гьитIиналго бурдул лъикI сверсведулел ругищалиги балагьулаго, жаваб кьуна кIудаинсуца, - Гьелъ жинцаго рачуна дуда тIад бакънал.

СагIатгIан заман ана. Шофёр жеги вачIинчIо. ЦIакъго хIалккун балагьун чIарал, гордазда тIад ва жеги къватIире рахьичIел бакIазда гIодорги чIун, кIвахIалго бицунеб жо, ахIвал-хIалалдаса къватIире лъугьинчIого, пианиноялда сверухъ хутIизабизе къеркьелел рукIана. Тукенчи жеги кагътазулъ хьирщадилев, «гарантия» балагьулев ва гъорлъанго гъулгъудилев вукIана:

- Саламатав гIадав чиясул хасият бихьуларищ…

Саламатав чи кин хьвадизе кколевали гьес кин букIаниги, загьир гьабичIо…

Ахираб лахIзаталда тукадул кIалтIасан яккун ячIана кIодо….

Хъвай-хъвагIай гьабе! - ян воххун ахIдана кIудаэмен, кIододе килищги битIун.

- Гьаб сандукIалъухъ щунусго гъурущилая?! АнцIила щуго сордо-къо туснахъалъул кьезе ккола дуе, гIарац гуро! – ян хIинкъи кьун ахIдезе жуяна кIодо…

Бугониги кIодоца гIарац бахъизе ккана. Росулъ гьезухъ ралагьун рукIана. Росдал харабазда лъалеб букIана гьаб лак биччараб ящикалде данде ккун зурмаялъул тIокIлъи ва хIурмат гьабун, зигара балеб гIадин, кIудаинсул кверал рачунел рукIана. Гьезда кколеб букIана сихIирал хундерица кIудияв чи махсароде ккун, щибго гуреб ящикIалъухъ гIемераб гIарац кьезе тIамун вугилан.

Нужеда лъала музыкалияб школалда дун гIемераб мехалъ цIаличIолъи. Риидалил каникулазул заманаялда кIудаинсуца босараб пианиноялда бакънал рачинчIого дир рес букIинчIо. Тахшагьаралъул консерваториялда Бахихъ гIенеккарал бакъналхириял дида, гьадинго, бичIчIиго гьечIел диллетанталлъун рихьулаан, кIудаинсулги цогидазулги, къаси-къаси дир «ЖужукI-хучхуч»- алъухъ гIенеккарал, гьурмал рихьараб мехалъ.

- ЖужукI-хучхуч боржа мун! – жакъаги рагIизе бегьула гьел рагIаби нижер росдал лъималаз такрар гьарулел. - Пианино босидал!

## Ясазул годекIан

# ГIай лазат, магIарул мацIги хинкIалги!

**КIодоэбелалъго бицунеб рагIун букIана, цо НухIил заманаялъго вукIарав Архимедилан абурав чияс, лъел цIураб саргъасалде жанивеги лъугъун «Эврикаааа!» - ян ахIун бугилан. Щиб гIиллаялъе гIоло гьев ахIделев вукIаравали бицине гьабсагIат регIун гьечIо, гьеб рагIи магIарулалъ киндай букIинаян йиго ургъулей. «Батанаааа», - йиланищ, «щванаааа», - йиланищ, «вай дир цIодорлъииии», - йиланищ…? Кин букIаниги, батун буго дидаги цо жо. ГIенеккеха.**

МагIарул мацI бицинчIогоги, лъачIогоги магIарулал рукIине бегьула (гьанжеги добго жо бицине лъугьунаха айилан добехун рехичIого журнал, рагIалде щвезегIан цIале, гIезегIан кIудияб гIакълу кьезехьин бугин дица нужее), амма кваначIого чIоларо ал магIарулал, бетIер буханиги. Гьединлъидал, гьадинаб гIакъилаб пикру бачIана дир гIакъилаб ботIролъе. Цияб соналъул махI чIвалеб букIиналъул асар батизеги бегьула…

Нилъеца, киналниги магIарулазда квинчIого чIезе кIоларел, гьезул рекIелъги, тIулалъги, гIадалнахулъги рессун ругел кванил нигIматазул рецептал ва гьелъие хIажалъулел (индигридиенталищ долали) жалазул магIарул мацIалъ хъван тезе ккола. ЦIакъго кваназеги бокьун бугони, магIарулалъ цIалани гурони, кин гьабилебалиги лъалеб гьечIони, рес щиб ал пакъирзабазул магIарул мацI лъазабичIого. Гьакъилаб пикру гьечIищха?

Гьанже хIисаб гьабеха, тIаде щун цIияб сонги бугони, кIалтIа чIун гьалбалги ругони, жеги бельун 3 метра бакьги гьечIони, буцун хинкIазе ханжуги гьечIони, бухун ражиги гьечIони, буссун аливъеги гьечIони, жив магIарулав вугилан абизего нечеларищ гьеб рукъалъул хважаин. (Аливъейилан магIарулазул умумулъанго бачIараб салаталъул рецепт батIаго хъвала, дидаги кIодоэбелалъулго батараб). Нагагь магIарулалъ хъвараб жо цIализе лъаларей хIурулгIин ккун ятани ав пакъирасул хIарччида нахъе, сурана гуриха ав росдадаго. Вацап баккаралдаса росдал гIорхъабазги щибго кколеб гьечIелъул, дунялалдаго тIибитIизе бегьула гьеб рокьукъаб хабар: цIияб соналъул сордоялъ ХIажихIмал къавулъ остолалда, бакьгун хинкIалали щай гурин, аливъецин букIинчIилан… Аллагьас цIунагиха.

МагIарулалъ хъварабцин щвечIин эб рецептилан, сихIирал харбалги рицун бихьинал гъоркье реххизе руччаби лъугьинчIого рукIине, гьале дица хъван толеб буго.

Доб мокъида ракъвазе бакьал ран ругеб рокъореги ун, 3 метраги I7 сантиметраги бакьалъул борцине ва къотIизе ккола. Рокъоб батараб бищун кIудияб хьагги цIетIа лъун, лъимги тIун, рехула бельине. Цо берцинаб мохмохил рачIчIги батани рокъоб, гьебги рехизе бегьула гьелдаго цадахъ.

Гьанже, гурун гъуждулгун, бисмиллагьги бахъун, цагъур лъухьун, сандукI кIутIун, яги аскIоб бугеб тукадеги рекерун ханждал къвачIаги босун, цIалкIила гьеб росонибе, гьадринибе, тIарсинибе… ЦIам-содаги рекъезабун, тIела тIаде риди, пууунщщщилан доб гьалдезе лъугьарабго, багъарила… буцила… ва меседгIадин, тIад бацIцIадаб, берцинаб квербацIцIги тIамун, цо хинаб бакIалде, добегIан хъурщила.

Гьеб бакIалда, зама-заманаялдасан, михъазда кверали рахъун, ражи чехьолев, гьеб бухулев рукъалъул хважаинги вугони, сверун кIанцIелел лъималги ругони, цIакъго тIагIамал лъугьуна хинкIал.

Гьанже, хьагиниса доб I7 сантиметра бакьалъулги бахъун, дуцаго хIалбихьизе ккола бельун бугищали. Бельун батани, хапун нахъеги босун, дурго хъупил къандалъоялда гъоркье ккезабизе ккола… Гьалбал тIаде щвезегIан цIорочIого букIине.

Гирун, къотIун, тIупун, меседил гарал гIадин рала хинкIал добго хьагинире. АлхIам цIалилалде, квасул сехенаби гIадин ратула тIад росун, тIупула гъоркье. Гьанжеги рачIуна тIад росун. Цо анкьго минут араб гIадинаб заманаялъ, кIудияб хинкIбахъалъ хапун росун рала росонире, гьадринире, тIарсинире… кире рукIанигиха ва жибжибалда къазабула санидал гIучI. ТIад тIибитIараб тIарсги лъун, хехго гьелги ккезарула добцояб, росасул хъупил къандалъоялда гъоркье.

Бищунго кIудияб остолалда хьахIаб шаршавги тIамун, бищунго чIухIараб суркIа-щурунги къватIибе бахъун, остол гIуцIцIулей, гьежде рехун хьахIаб квербацIцIгун, истакаби цIвакизарулей асул бикаги, михъал кьурулев рукъалъул хважаинги рукIаго, рагIула каву бухулеб….

Ассалам гIалайкумила… нужгойищила рукIинел, нижгийищила рокьилел…

***ГIай лазат, магIарул мацIги хинкIалги!***

**Баху МУХIИДИНОВА**





# ТIаса бищилилан кколареб пиша…

Тамара Закарьяева журналистикаялда гьоркьое гьадинго ккарай гIадан гуро. Дагъистаналъул медиаялде ячIиналде гьей гIемерай ургъана ва божана тIаса бищулеб пиша жиндие гьадингояблъун гуреблъи.

Нижер хъизаналда букIана анцIго лъимер, ва щивасда лъалаан щиб жидеца щибаб къоялъ гьабизе кколебали, - ян абуна гьелъ. – ЧIалгIине заман нижер рокъоб букIунароан: лъугIулароан аваданаб хъуй, анцIго яс гьеб махсаро гуроха, - ян гьимана Тамара. – Амма бищунго кIвар бугеб бакI нижер гIумруялда жаниб кколаан тIахьаз. Нижее хирияблъун букIана классика, гьираялда цIалана Дагъистаналъул проза, поэзия. Бокьулаан лъазабизе нилъер гIагараб ракьалъул тIабигIат, цIалулаан церегосел тарихиял лъугьа–бахъиналазул, рагъулал чабхъеназул ва багьадурал ишазул хIакъалъулъ.

- Дица кидаго кечI ахIулаан, рекIелъ бугебги загьир гьабун. Нижер хъизаналда киназго ахIулеб букIана кечI, - илан гьимана Тамара. ГIемер ракIарулаан ниж цадахъ столалда нахъа, байбихьулаан эбелалъ ва яцаз тIад рекъезабулаан. Бищунго рокьулел рукIана халкъиял кучIдул. Школалдаги дун йикIана цеехъанлъун, хьвадулаан цогидазул концертазде, нижго цере рахъунаан районалъул культураялъул КIалгIаялдаги, республика бахун къватIирги, хIатта ВЛКСМалъул ЦКялъул грамотаги щун букIана.

Тамара ургъизе лъугьана:

- Гьанже дида лъикI бичIчIула гIумруялда жаниб щибниги гIилла гьечIого лъугьунареблъи. Гьадинго гуро дирги рухIияб рахъ гIуцIараб ва гьелъ макъназул дунялалде, халкъиял кучIдузде, Кули районалда бугеб, гIагараб Хосрехалде ячарай.

КIудияй гIедал гьелда бичIчIана, кечIалда цадахъго гьелъул гIумруялъе кIвар бугеб цоги иш букIине кколеблъи ва гIемерай ургъичIого цIализе лъугьана ДГУялъул дагъистаналъул филологиялъулаб факультеталъул тумазул мацIалъул отделениялде.

Университеталъулаб лъаялъ Тамарае рес кьуна жанги къуватги творчествоялъул цогидалги рахъазда хIалтIизабизе. ХIалтIи тIаса бищиялъул суал цебе чIедал , гьей – у- у! – ана Тумазул театралде. Гьелда жиндаго бихьана театралъул хIалтIи, хIана гьениб классика, Дагъистаналъул драматургазул асаразул героязул ролал. ТIубараб разилъийин абуни Тамарада лъана Дагъистаналъул тIахьазул басмаханаялда хIалтIулаго. Газета «Илчи» гьелъие лъугьана профессионалияб рахъалъ цее т1еялъе кумеклъун. Тамара мукIурлъана журналисткалъун яхъиналъе жий саламатго хIалтIизе ккеялъеги.

- Киназухъаго лъугьунеб жо гуро гьаб – илан абуна гьелъ, - гьанир хутIула сабруги гIурал, гьираги бугел гIадамал.

Тамара йиго бокьараб ишалде тIаделъулей ва тIадчIун хIалтIулей гIадан. Гьелъ макъалаби хъвала культураялда хурхарал ва гIолохъанай журналисткаялъ рорхана культураялъул гIумруялда бищунго кIвар бугел гIадинал суалалги…

Журналистикаялда жиндир учительзабилъун цее йикIарай редактор Качар ХIусейнаеваги гьанже нилъгун гьечIев ХIасан Куруховги ва цогидалги ракI гIатIидал пишацоял кканилан абулеб буго гьелъ. РакIалде щвезарулел руго газеталъул хIалтIуда ккарал гIемерал лъугьа–бахъинал, мисалалъе I999 соналъ Россиялъул аскаргун журналисталги ополченцазда цадахъго цебесеб кьерда рукIараблъи.

- Цо нухалда гуро дунги доб соналъ ЦIияб Лак районалда унел рукIарал рагъулал ишазде гьоркьое ккун йикIарай, - абун бицана гьелъ. – Дида киданиги кIоченаро доб заманаялда дагъистанияз бихьизабураб къвакIиги багьадурлъиги ва гьенир ккарал гIемерал камиялги..

Гьединлъидалин Тамараца кIудияб къимат кьолеб, дагъалъ цебе гьелъие щвараб, «20 лет разгрома международных бандформирований» абураб медалалъе.

Гьанже журналистикаялъул гIураб хIалбихьи щварай Тамараца хIал бихьулеб буго батIи–батIиял жанразда хъвадаризе,

гьелда бичIчIулеб буго журналист гIицIго СМИязе хIалтIун тIуваларевлъи, гьес жиндир бажари гьунар цогидал рахъаздаги хIалтIизаризе рес букIин.

- Дида лъалеб букIана радиоэфиралъулги хIажалъи жеги бугеблъи. Дие бокьулаан рахьдал мацIалда передачаби кьолеб каналги, гьенир рорхулел суалазул кIварги бихьулаан. Гьединлъидал дун ячIана радиоялде ва лъугьана гьениб тумазул мацIалда бугеб редакциялъе нухмалъизе. ТIадеЛъана районаздаги гьеб радиоканал хIалтIизабизе. Гьеб ишалъе кумекалъе ахIана рахьдал мацIалъул мугIалимзаби ва квербакъи тIалаб гьабуна районазул нухмалъулезухъа.

ГIумруялда кечIалъе бакI хутIанищан гьикъидал Тамара гьимана:

- Унго-унгояб халкъияб кечI кидаго дунгун ва дие кумекалъе буго…

- Халкъияй кочIохъанлъун яхъарайани гьеб дагьабги творчествоялъулаб ва гIадамал роххизарулеб пишалъун букIинароандай?

Гьей ургъизе лъугьана:

- Гуро, дир дагьабниги ракI бухIун гьечIо. Мисалалъе, дир вацгIал Мазагьиб Шарипов вуго унго-унгояв кочIохъан, лъикIав композитор, гьев ккола халкъиял кучIдул рагIизариялъе гIемераб хIалтIи гьабулев ва гьединго гIолохъанал гьунарчагIазе кумекалъе ватулев чи. Дицайин абуни хIаракат бахъизе буго рахьдал мацI цIуниялъе ва гьелде творчествоялъулабги, гIелмиябги жамгIияталъул кIвар буссинабизе.

Журналисткаялъ рикIкIунеб буго рахьдал мацIал цIигьариялде кIвар кьеялъул хIасилал кколел ругел мацIаздехун балагьи хисанилан. ЛъикIаб букIинаанила гьеб рахъалъ иш цебетIеялъе мацIазул хIакъалъулъ закон къабул гьабизе. ХIалтIи гьеб захIматаб бугилан абуна Тамараца, гьелъие къваригIунила специалистазул бахIарчилъиги гIемераб хIаракатги. Амма закон гьединаб бахъани гьелда хадуб кинабго рекъон бачIинила, механизм гIуцIилила ва мацI лъазабиялде руссарал программабазе къваригIараб гIарац пачалихъалъул хIисабалдасан букIинила.

Гьединго Тамараца абуна радиочастотниял каналал хвезаризе жеги заман щун гьечIилан, щайгурелъул гIемерал ругила гьезде хIажалъиги бугел, ругьунлъунги ккарал гIадамал. Гьединазул къадар кьойидаса кьойиде цIикIкIунебги бугилан бицана гьелъ. Тамараца бицухъе ГТРКаялъул нухмалъулей Луиза ХIажиевна ГIалихановалъ журналистикаялда жиндирго нух байбихьана радиоялдаса, гьелда лъикI лъала кинал захIмалъаби лъугьун ругел ва щиб гьабизе кколебали.

- Бокьараб цIияб проект, пикру Луиза ХIажиевнаялъ лъикI къабулги гьабула, гьей йиго радио, телевидение цIияб технологиялъул гIасруялда хIалтIизабизе лъалей гIадан, - ян абуна Тамараца. - Кинабго хисулеб цIилъулеб буго, гьеб цIилъиялда рекъезабизе ккола телевидениеги радиоги.

Журналисткаялъ абуна дагъистаналъул радиоялда цIунун бугила тарихазул бечедаб фонотека. ГТРКялъул буго жиндирго «кунацкая» ва гьенир гьанже творчествоялъулаб ишалъе гIуцIун руго гIатIидал шартIалги. Тумазул мацIалда радиопередачаби гьариялъе кумекалъе батулеб буго «Дараччи» абураб, жиндир заманаялда Марьям Ильясовалъ рагьараб, гьанже бажарун Гульшан Хасаевалъ хIалтIизабулеб бугеб клуб. Тамарада ракIалде кковухъе, жакъа рижулел руго гIолохъабазул цIи–цIиял, гIагараб мацIалъул кIалзулаб творчество лъазабизе ва рагIизабизе хIалтIи гьабулел къокъаби. ЦIикIкIунел руго рахьдал мацIалда лъималазул конкурсал. Кинабго гьеб буго тумазул радиовещаниялъулаб редакциялъ гьабулеб хIалтIул цо бутIа…



Эркенаб заманаялда щиб гьабулейха Тамара йикIуней? Гьелъ бицана жиндие бокьулила эркенаб заманаялда Дагъистан лъазаби мурадалда хьвадизе.

- ГIагараб ракьалде рокьи бугей дир анищлъун букIана турагенство рагьизе, - абун гьимана гьей. Жиндир заманаялда Тамараца лъугIизарун рукIана туризмаялъулгун–сервисалъул курсал ва бокьун букIана бакIалъулал, радио–туризмалъулал маршруталги гьарун, гьездалъун радиовещание гIатIилъизеги бечелъизеги гьабизе.

Пагьму–гьунар бугей Тамарада бокьараб ишалъулъ батула творчество хIалтIизабизе бакI, машгъуллъула хIалтIуде ва гIахьаллъула батIи–батIиял конкурсазда. Гьей бергьана «СМИротворец» абураб, журналистазул, этносазда гьоркьосеб фестивалалда, «Голос Азии» абураб улкаялъул пачалихъалъулал телерадиокомпаниязда гьоркьоб тIобитIараб конкурсалда.

Хъизаналде кидалдай гьей регIула абураб дир суалалъе, Тамараца божуледухъ жаваб кьуна жиндие гьеб кидаго цебесеб бакIалда букIунилан.

- Нилъер щивасул буго гьираялда гьабулеб иш, амма хъизаналъе заман кидаго батизе ккола. Дир рос, Хизри Закарьяев гIемерал соназ хIалтIулев вуго МахIачхъалаялъул шагьаралъул собраниялъул аппаратальул нухмалъулевлъун. Яс Джамиляца лъугIизабуна ДГУялъул культураялъул факультет, вас СагIид цIалулев вуго финансазулабгун–экономическияб колледжалда, гьесул анищлъун буго хадув Москваялда РФялъул ХIукуматалда цебесеб, аслияб финансазулабгун–экономическияб университеталда цIализе. Гьедин, ниж киналго ккола ишги бугел, къасдалги цере лъурал, гьел гIумруялде рахъинаризеги къеркьолел чагIи…

Гьебин абуни ккола аслияблъунги!

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**



# АНИЩАЗУЛ ЯСЛИ - АХ

- Лъималазул ах ккола лъимал гІумруялде хІадур гьарияльул тІоцебесеб болъо, - ян рикІкІунеб буго, «Знайка» абурал школалде иналде цебесеб лъай кьеялъул ясли-ахал гІуцІиялъе кьучІ тІамурай, гьезул нухмалъулей Маиса Маликовна Бухсаевалъ. АнкьгогІан сон буго «Знайка» центр Дагъистаналъул бищунго квегІенаб Каспийск шагьаралда хІалтІизе байбихьаралдаса.

Маиса Бухсаева ккола педагог, байбихьул классазул учитель, анцІгогІан соналъ хІалтІун йиго школалда ва гьелъул жиндирго бугоункъо лъимер. «Ункъабилеб лъимер гьабун хадуб ракІалде ккана ясли-ах рагьун лъикІилан ва дирго лъималазе гІадин гьабуна кинабго», - ян рекІее асар гьабулеб хабар бицана гьелъ. Жидеего хІалтІи лъикІаб гьабулелъулха киназго. Гьедин ккун буго Каспийскалъул лъималазе «Анищазул ах» барай Маиса Бухсаевалъулги.

- ЗахІмалъаби кидаго камуларо. Бигьаго букІинчІо гьаб лъималазул ах гІуцІизеги. Амма гьеб цІедал ва жаниб гІумру гьалдезе лъугьиндал, лъималазул разиял беразухъ балагьун, киналго захІмалъабиги квалквалалги кІочон тола!

ЛъагІалица хІалтІун Маисада бичІчІана гьеб рахъалда хІаракатчилъиялъе бакІ букІин. Амма, кин бугониги, ясли-ахакь группаби гъункизаризе лъугьинчІо гьей. Бихьулеб букІана лъималазул учреждениязул хІажалъи цІикІкІараб букІин ва «Знайка» централъул нухмалъулелъ рагьана тІадеги кІиго ясли-ахги ва кІиго школалда цебесеб лъай кьолеб, ай школалде лъимал хІадурулеб центрги.

- Дие аслияблъун буго качество, качество ва цоги нухалъги качество – киналъулъго. ХІинкъи гьечІольи букІинабиялдаса байбихьун, тІагІамаб квенги, лъикІал хІалтІухъаби ралагьиги, - ян абуна гьелъ.

- Группаби нижер гІисинал руго, 5 - 6 ялдаса 10 - 12 гьитІич вукІуна лъималазул ахикьги, школалде хІадуриялъул центраздаги, къокъаби гьарун.

Нижеца хІаракат бахъула лъималазул интеллектуалияб рахъ цудунго рагьизе ва цебетІезабизе, гьелъие хІалтІизарула нилъер заманаялъул алаталги, программабиги, пособиялги, гьединго машгьурал методикабиги. Гьанжесел лъимал гьитІингоялдаса гаджетазда рухьарал рукІинги хІисабалде босун, нижеца гьел дагьго гурони хІалтІизаруларо. Буго нижер лъикІаб материалиябгун техническияб базаги, гьединго ралагьулел руго лъикІал специалисталги, педагогал ва гьединго медицинаялъул хІалтІухъабиги. Щибаб лъимадехун гьабула хасаб балагьи, занятиязда хІисабалде босула щибаб лъимадул психикаги, хасиятги, цогидал рахьалги ва гьеб киналъго лъикІал хІасилалги кьола. Нижеца хІаракат бахъула нижерго ясли-ах «Знайка» абураб цІаралъе мустахІикъаблъун лъугьинабизе.

Жидер лъималазул ахазул церетІеялъулъ кІудияб бакІ кколеблъун Маиса Маликовнаялда бихьулеб буго лъималазул эбел-инсулгун лъикІаб бухьен букІиналъги.

- Нижеца хIаракат бахъула щибаб хъизаналъулгун хинаб гьоркьоблъи ккезе, щайгурелъул гьез нижеда божун тун руго жидерго лъимал, гьеб нижецаги ритIухъ гьабизе ккола. Нижеца хIадур гьарун школалде арал лъималазул эбел-инсулгунги хадубги лъикIаб гьудуллъи букIуна, гьез нижехъе рачун рачIуна хадуселги лъималги, - ян бицана Маиса Бухсаевалъ.

Гьединго гьелъ бицана жидехъе кьолила жидер гIамал-хасияталъул хаслъи, батIалъи бугел лъимал ва щибаб лъимадул букIунила лъикIалъулги квешалъулги хIакъалъулъ хасаб цебечIейги. Чанги гьел церечIеял ратулила цоцазда релъълъунарелги. Гьеб мехалда лъималазулгун ва гьезул эбел-инсулгунги гьабизе ккола хIалтIи. Централда руго психологал, дефектологал, логопедал ва жакъа кьоялда жал аутизм битIизабиялъе бищунго пайдаяллъун рикIкIунел АВА – терапisталги.

- Абизе кIоларо киналго лъималазе нижер кумек щолиланги. Гьеб мехалда нижеца эбел-инсуда малъула лъихъе ине кколел ва лъихъа кумек щолебали. Руго реабилитациялъул курсалги лъугIун цогидаздаго цадахъ цо группаялда цIализаризе бегьулеб хIалалде ккаралги лъимал. Амма гIемериселъ нижеца гьел батIаго тола 3-5 чиясдаса группаги гьабун. Щайин абуни, гьел лъималазул гIей тIубанго батIияб букIуна. Жидер нахъе ккей бихьулел лъималазул эбел-инсуе нижеца лъикIаблъун бихьизабула хассал занятиязде ине. Гьениб специалистазул кумек щола кинабго рукIалиде ккезабизе.

ГIемерисел нижер лъималаз малъулебщинаб жо бигьаго босула, лъималазул ахакьги тIаде лъай кьолел центраздаги. Гьенир гьезда малъула къватIисел мацIал, спортивияб гимнастика, арифметика: хIалтIула батIи–батIиял кружокал: суратал рахъиялъул, макъназул, кьурдул, роботазулаб техникаялъул ва цогидалги.

- ГIемераца абула школалда цебесеб лъай кьеялъул хасал гIадамазул учреждениязда хIадур гьарурал лъималазда тIоцебесеб классалде рачIаралго цIали чIалгIунила, гьениб малъулебщинаб жо жидеда лъалеб букIиналъ. Гьедин гьечIо гьеб. БитIараб - хIадурлъи нижер тIадегIанаб буго, амма гIемерисеб бараб букIуна лъимадул бажариялда, тIабигIаталъ гьесие кьураб гьунаралда. Унго-унгоги, жакъа къого соналъ цебехун букIаралдаса батIияб буго тIоцебесеб классалда цIалулездехун тIалабги.

- «Знайка» абураб, школалда цебесеб лъай кьеялъул гIуцIиялда руго батIи-батIиял форматал, - илан абуна Маисаца. - ТIубараб къоялъ гьенир толел лъималги рукIуна, гьединго руго бащдаб къо гьениб балелги. Рес букIуна гIодоркъояз лъимал гьенире кьезеги.

Жиндирго хIалтIул бицунаго Маиса Бухсаевалъ кIвар буссинабуна:

- Нижер лицензия буго лъай кьеялъулаб хIалтIуе ихтияр кьураб ва нижер иш-пишаялда хадуб хал кколел идарабиги руго - ЦIа ккеялдаса цIунияллдаса бахъарал, Лъайкьеялъул ва СахлъицIуниялъул министерствабазде щвезегIан. Исана бищунго захIматаб ишлъун ккана коронавирусалъул пандемия ва учреждениял къазе тIами. Амма нижеца гьебги хIехьана, июлалъул байбихьуда нижер учреждениязхIалтIизе байбихьана.

ХIалтIизаризе рукъзал нижехъе кьуразги гIаданлъи гьабуна, гьоркьор арал моцIазул гIарац гьез тIалаб гьабичIо. Гьединлъидал нижехъа бажарана «Знайка» централъул хIалтIухъабазе харжал кьезеги. Гьезул гьира-шавкъалъги, лъималаздехун гьезул бугеб рокьиялъги кумек гьабуна нижехъе рачIунел лъимал камичIого хутIиялъе. Дица хIалтIухъабазе баркала кьола гьезул ракIбацIцIадаб захIматалъухъ ва эбел-инсуеги баркала лъимал нижехъ таралъухъ.

Жиндирго хIалтIул хIакъалъулъ Маиса Маликовнаялъ гьираялда бицана, амма хъизаналъул бицине дагьай нечон гIадин йикIана. Эбел-инсуца гьелъие тарбия гьанже букIунелдасаги батIияб кьун буго, малъун буго жийго йихьизайизе лъугьунгутIизе ва гIодойиччан хьвадизе. Маисал умумул ккола Догъузпари районалъул Микрах росулъа. Гьаюн йиго Северияб Осетиялъул тахшагьар Владикавказалда, гIун йиго МахIачхъалаялда, росасе кьун йиго Каспийскалде.

- Нижер букIана гIадатияб советияб хъизан: эбел бухгалтер, эмен инженер. Дир вуго кIиго дидаса гьитIинав вацги. Дирго руго лъабго васги ясги. Васал гьанже гIуна: кIудиясе хъизанги гьабуна ва хIалтIулев вуго, гьоркьохъев вуго студент, гьитIинав – школьник. Яс гьанже кIиабилеб классалда цIалулей йиго. Вуго дир лъикIав росги, гьев ккола хирург-травматолог. Дагьалъ цебе нижеца кIодо гьабуна 25 сон цадахъ байги.

***Гара-чIвариялъул ахиралда талихIай эбел, лъади ва педагог Маиса Бухсаевалъ ЦIияб Соналде гьарана киналго эбел-инсуе сахлъи, гьезие лъималгун гIемераб заман тIамизе рес щвей, щайгурелъул гьитIичазе эбел-эмен аскIор цIакъ къваригIун рукIуна. КIвар бугеблъун ккола гьеб недегьаб заман гьоркьоб ине тунгутIи, хадуб, жиндир заманаялда кьечIо, гьабичIо, хал кквечIо абун ракI бухIичIого букIине. Бокьилаан талихIал лъимал гIемерал рукIине.***

**Виолетта РАТЕНКОВА**



**Женщина Дагестана**

**На аварском языке**
**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций РД.
**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru
**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**
Сдано в набор 29.10.2020.
Подписано в печать 11.11.2020.
Формат бумаги 60 x 84 $^{1}/_{8}$.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 1006. Тираж (3505)556 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложках:**
I– Патимат Геличова, общественный деятель, автор проекта «Русские учителя в Дагестане»



# ХъахIаб оцол сон

Китаязул календаралда рекъон, 202I соналъул хважаин рагIула ХъахIаб Маххул Оц. Щибха гьелъ нилъер, пандемиялъ кIвекIарал пакъирзабазул, хьул лъезе жо бицунеб бугеб? БачIинадай гьелъ нилъер рокъобе сахлъиги парахалъиги?

БетIер тIаде борхичIого хIалтIани, бачIунеб сон чIара-хьараб гIодобе биччараб букIинилан рагIи кьолеб бугоха нилъее гьеб оцоца. Гьелъие рокьулел руго, кIвахI лъаларел, бетIер тIаде борхичIого хIалтIулел чагIи. Гьединал ва тIадеги ракIбацIцIадал, жавабчиял чагIазул мурад тIубазе бугилан абулеб буго ЦIияб соналъ.

Оц жибго буго чIара-хьараб хIайван. Гьединлъидал, циндаго кколел хисабасияз ва хисардулел планаз ЦIияб соналъ нилъер рахIат хвезабиларинги хьул буго.

Хурул бегавул, рекьул удаман Оцол соналъ росдал магIишат цебе тIезе букIинги гIажаиблъи гьабизе ккараб иш гуро. Нагагь гIанкIу-хIелкал хьихьизе, теплицаби рагьизе, ах-хуралде руссине яги найихъанлъиялъул хIалбихьизе нужеда ракIалде ккун батани – бокьараб гьеб хIалтIул цебетIей букIине бугилан рагIи кьолеб буго Оцоца.

Оц цIакъго жиндир нух ккураб букIиналъ, гьелъул хадусеб гали лъазе захIмалъуларо. АскIор низам бихxарал, чIучIадулел, васвасдулел чагIиги хIехьоларо Оцоца.

Гьединаб жибго жиндаго ракIчIараб, кьварараб Оц, рокьи-мокьиялъул бицунаго, лъимер гIадин, нечон, санагIалъи гьечIого лъугьуна. Гьелъ гIемераб мехалъ тIалаб-агъаз ва хъулухъ гьабула рокьи ккарай ясалъе, жиндирго рекIелъ бугеб асар рагьилалде цебе. Оцол биццатаб тIомокь, цIакъ тIеренаб ракI буго, гьениб щиб лъугьунеб бугебали лъиданиги лъалареб. Гьеб цо ккараб рокьуе ритIухъаб букIуна гIумруялъ ва щулияб хъизанги букIуна Оцол. Мисалияв рос ва эмен, хъизаналъе гIоло бокьараб захIмат баччизе хIадурав вукIуна Оцол соналъ гьавурав чи.

ТIирунчIей ва кьучI гьечIел жалазда божи бугин абизе бегьула Оцол гIамалалъул цойги квешал рахъал. ДагIбакъецалъулъги кидаго гьеб битIараб букIине ккола.

КигIан ракълилаб ва пикрияб гIамалалъул хIайван Оц букIаниги, Аллагьас цIунаги гьелъул ццин бахъине. Сабру гьабизе кIвеялдаса борчIизабуни, ццидаца канлъи босула Оцол. Гьеб заманаялъ Оц гIодобе биччазегIан рихьулареб-рагIулареб бакIалде тIурани лъикI букIуна.

Оц хIакимлъиялъе гIоло къеркьоларо, амма ракIбацIцIадаб кIвахI лъалареб хIалтIуца чара гьечIого бачуна гьенибе. Ккараб бакIалда рагIи абизеги гьеб кидаго нахъе къаларо. Гьелъул таваккаллъиялъул хIакъалъулъ рагIабаздасаги лъикI ишаз бицуна.

Халгьабеха кигIан батIи-батIиял чагIи гьеб Оцол соналъ гьарун ругелали: Аристотель, Ричард ГъалбацIил РакI, Наполеон Бонапарт, Огюст Ренуар, Винсент Ван Гог, Питер Пауль Рубенс, Иоганн Себастьян Бах, Чарли Чаплин, Уолт Дисней, Адольф Гитлер, Джавахарлал Неру, Маргарет Тетчер, Принцеса Диана, Барак Обама.

ЦIияб соналъул хважаин ХъахIаб Маххул Оц нилъедехун лъикI букIине ккани щиб гьабизе кколебалиги бицинин ахиралда:

ТIоцебе, генералияб уборкаги гьабун, рокъоса къваригIунареб щинаб жо къватIибе реххизе ккола. Занавескаби, гордал, люстраби, халичаби чуризе, кIутIизе, рацIцIине ккола. Соналъул гIаламат – ХъахIаб Маххул Оц буго, хIалтIухъан гуребги, кинабго жо щвалде щвараб букIине бокьулеб хIайванги. ХъахIаб – рацIцIалъиялъул, гIадлунизамалъул, гIакъиллъиялъул кьер буго. КъватIисан рацIцIа-ракъалъи гьабулаго, унеб соналъул хIасилги, бачIунелъул планги гьабе! Оц гIадав тIалаб-агъазчиги вукIаго, хIаракат бахъани, бокьараб хъала бахъун бажарула нилъехъа!

Оц гIуниги гIолихъан, гIала гIуниги тагьилъун рукIинчIого, гIамал гьабизе рачIаха ЦIияб соналъ!

**Сулгия БУЛГАЕВА**

## СТИХИЯ ЗЕМЛИ
## (Телец, Дева, Козерог)



***Следующий год для знаков Земли будет сложным. Но как бы вам ни было трудно, вместо упрямства и мстительности нужно проявить спокойствие и покорность. Все необдуманные поступки будут направлены против вас самих. Это чревато проблемами в личных отношениях и потерей стабильности.***

У Тельцов в 2021 году на первый план выйдут вопросы карьеры, а не семейных отношений. Вы многого сможете достичь благодаря своему трудолюбию. Это же ваш год, Тельцы! В общем, как потопаете, так и полопаете.

В следующем году Девам нужно стремиться быть гибкими и компромиссными в своих решениях. Помните, при попытках задать событиям нужный вам ракурс вы можете потерпеть фиаско. Оставайтесь благодарными за то, что имеете, и не просите большего.

В наступающем году Козерогам следует сосредоточить все свои силы на семейных делах. Для вас будет лучше, если вы смените главенствующую роль в отношениях. И наоборот, если вы чувствуете зависимость от партнера – в экономическом или психологическом смысле – в 2021 году самое время для обретения самостоятельности.

## СТИХИЯ ВОДЫ
## (Рак, Скорпион, Рыбы)



***До конца этого года постарайтесь выработать трезвый взгляд на окружающий мир. В 2021 году ваша склонность к уходу от реальности и уныние могут создать значительные проблемы. Не стоит преувеличивать масштаб неприятностей, иначе уже на старте потеряете расположение судьбы.***

Звезды советуют Ракам в 2021 году быть аккуратнее в борьбе с внутренними демонами. Есть риск зайти в чуждую плоскость. В конце этого и начале следующего года уделяйте больше внимания отношениям с родными и взаимодействию с внешним миром. Заводите новых друзей и деловых партнеров, больше общайтесь с новыми людьми и посещайте незнакомые города и страны.

В следующем году Скорпионам придется окончательно признать, что погоня за материальными благами – далеко не самое главное в вашей жизни. Избавляйтесь от вредных привычек и боритесь со всеми своими несовершенствами. Для вас наступает лучший год, когда можно, например, бросить курить.

Рыбы, вам важно не подпускать к себе малознакомых людей и помнить популярную поговорку «в тихом омуте черти водятся». Осторожнее нужно быть и с любовными отношениями, которые могут возникнуть неизвестно откуда. Все события, для которых нет предпосылок, должны вас настораживать. Всегда проверяйте человека, который кажется вам бескорыстным и добрым. Год готовит не одну эмоциональную ловушку для вас. Есть риск, что вы очаруетесь кем-то напрасно.

## СТИХИЯ ВОЗДУХА
## (Близнецы, Весы, Водолей)



Для Близнецов уже в середине 2021 года настанет светлая полоса для продуктивной работы и самореализации. А до тех пор может наблюдаться некоторый застой. Чтобы развеять скуку, достаточно оглянуться вокруг – быть может, вы движетесь не в том направлении? И если до осени следующего года ничего не менять – вы можете прийти к плачевному результату.

Весам хорошо бы пересмотреть свои ценности и окончательно решить, каким богам молиться и какие духовные идеалы брать за основу. Вам просто необходимо найти пример для подражания и пересмотреть свои отношения с родителями. Всегда ищите компромисс как с дорогими сердцу людьми, так и с самими собой. Высшие силы обязательно вознаградят вас за труды.

Водолеям год принесет перемены в личной жизни. У тех, кто уже имеет постоянного спутника, отношения гармонизируются и укрепятся, а партнер наконец-то займет подобающее место в вашей жизни. Для одиноких представителей знака есть возможность встретить любимого человека. Причем чувства могут появиться к тому человеку, с кем вам будет приятно и легко общаться.

## СТИХИЯ ОГНЯ
## (Овен, Лев, Стрелец)



***Общие рекомендации для представителей стихии на 2021 год следующие: запасайтесь терпением, чтобы сдерживать свою огненную натуру, подавляйте вспыльчивость, перенаправляйте лишнюю энергию и всегда помните о том, что «утро вечера мудренее». Эту народную мудрость стоит взять на вооружение тем, кто часто поступает интуитивно, не задумываясь о последствиях. В особенно трудные моменты можете повторять поговорку как мантру.***

Для Овнов первое место займет сфера личных отношений. В 2021 году нужно приготовиться к переменам тем представителям знака, кто еще не встретил свою вторую половинку. Для вас вторая декада года станет прекрасным периодом для романтических встреч. В мае-августе возможно знакомство, которое перевернет вашу жизнь.

У Львов есть риск впасть в сильную зависимость от предмета любви, что будет вам только мешать в финансовой сфере. Уже с начала года в отношениях с любимым человеком могут наблюдаться препятствия и ощущаться трудности. В 2021 году вы вряд ли сможете адекватно оценить происходящее, в том числе и собственные чувства.

Стрельцов ожидают интересные задачи и приятные открытия. Для вас наступающий год – хорошая возможность выделиться из серой массы; если вы будете уделять время творчеству – достигнете определенных результатов. Пусть это будет не профессиональный рост, но приятное и ощутимое достижение для вас лично.

***Общая рекомендация на 2021 год для всех представителей стихии – быть добрее к близким и не выплескивать негатив на окружающих. Сделайте выражение «Мой дом - моя крепость» основополагающим девизом на следующий год.***



ИНДЕКС 63288

6+

# 2021

| | ЯНВАРЬ | | | | | ФЕВРАЛЬ | | | | МАРТ | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 4 | 11 | 18 | 25 | 1 | 8 | 15 | 22 | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Вт | | 5 | 12 | 19 | 26 | 2 | 9 | 16 | 23 | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Ср | | 6 | 13 | 20 | 27 | 3 | 10 | 17 | 24 | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Чт | | 7 | 14 | 21 | 28 | 4 | 11 | 18 | 25 | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Пт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | 5 | 12 | 19 | 26 | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Сб | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | 6 | 13 | 20 | 27 | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Вс | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 | 7 | 14 | 21 | 28 | 7 | 14 | 21 | 28 | |

| | АПРЕЛЬ | | | | | МАЙ | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 5 | 12 | 19 | 26 | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Вт | | 6 | 13 | 20 | 27 | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Ср | | 7 | 14 | 21 | 28 | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Чт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Пт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Сб | 3 | 10 | 17 | 24 | | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |
| Вс | 4 | 11 | 18 | 25 | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | |

| | ИЮНЬ | | | | | ИЮЛЬ | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 7 | 14 | 21 | 28 | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Вт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Ср | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Чт | 3 | 10 | 17 | 24 | | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Пт | 4 | 11 | 18 | 25 | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Сб | 5 | 12 | 19 | 26 | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Вс | 6 | 13 | 20 | 27 | | 4 | 11 | 18 | 25 | |

| | АВГУСТ | | | | | | СЕНТЯБРЬ | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Вт | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Ср | | 4 | 11 | 18 | 25 | | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Чт | | 5 | 12 | 19 | 26 | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Пт | | 6 | 13 | 20 | 27 | | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Сб | | 7 | 14 | 21 | 28 | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Вс | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | | 5 | 12 | 19 | 26 | |

| | ОКТЯБРЬ | | | | | НОЯБРЬ | | | | | ДЕКАБРЬ | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 4 | 11 | 18 | 25 | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Вт | | 5 | 12 | 19 | 26 | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Ср | | 6 | 13 | 20 | 27 | 3 | 10 | 17 | 24 | | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Чт | | 7 | 14 | 21 | 28 | 4 | 11 | 18 | 25 | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Пт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | 5 | 12 | 19 | 26 | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Сб | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | 6 | 13 | 20 | 27 | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Вс | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 | 7 | 14 | 21 | 28 | | 5 | 12 | 19 | 26 | |

4 651116 280082